**O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

**Tabiyattanıw ha`m geografiya fakulteti**

**«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» kafedrası**

**«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» bakalavr ta`lim bag`darı**
**4 A-kurs talabası**

**Uralbaeva Bayansulıw**

**«Qaraqalpaqstan Respublikası Taxtako`pir rayonına ekonomikalıq-geografiyalıq sıpatlama»**
**atamasındag`ı bakalavr**

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

**İlimiy basshı:** **g.i.d. prof. E.K.Umarov**

**Kafedra baslıg`ı:** **p.i.k. dots. R.T. Gaypova**

**N O` K İ S – 2013**

**MAZMUNI**

**KİRİSİW……………………………..........................................................................3**

**I. BAP. QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI TAXTAKO`PİR RAYONININ` TA`BİYİY SHARAYATI HA`M OLARG`A XOJALIQ JAQTAN SIPATLAMA**

**1.1. Qaraqalpaqstan Respublikası Taxtako`pir rayonının` tabiyiy sharayatı ha`m resurslarınan tiyimli paydalanıw mu`mkinshilikleri…………………………………7**

**1.2. Taxtako`pir xalqının` o`siw pa`ti ja`ne udayı ko`beyip barıwının` miynet resurslarınan o`ndiris tarawlarında paydalanıwg`a ta`siri…..………………………17**

**1.3.Taxtako`pir rayonının` miynet resursları ha`m xalıq xojalıg`ı tarawında miynet resurslarınan paydalanıw……….………………………………………………...24**

**II. BAP. TAXTAKO`PİR RAYONININ' XALIQ XOJALIG`I TARAWLARININ` RAWAJLANIWI HA'M AYMAQLIQ DU'ZILISI**

**2.1. Taxtako'pir rayoni xojalig'inin' aymaqliq du'zilisi ha'm geografiyaliq jaylasiwi……...29**

**2.2.Rayonda awil-xojalig'inin' basqada tarawlarinin' qa'liplesiwi ha'm rawajlaniwi………………………………………………………………………………35**

**III. BAP.EKOLOLGİYALIQ DAG`DARIS ShARAYATINDA TAXTAKO`PİR RAYONININ` SOTSİAL-EKONOMİKALIQ RAWAJLANIWININ` BASLI BAG`DARLARI**

**3.1. Taxtako`pir rayonında keleshekte o`ndiriwshi ku'shlerdi rawajlandırıwdın` baslı bag`darları………………………………………………………………………40**

**3.2. Taxtako`pir rayonında sotsiallıq infrastrukturalardın` qa`liplesiwi ha`m onın` rayonda sotsial-ekonomikalıq tarawlardın` rawajlanıwına ta`siri…..………………47**

**IV-BAB. TAXTAKO'PIR RAYONINDA TRANSPORT-EKONOMIKALIQ BAYLANISLARDI RAWAJLANDIRIWDI JETILISTIRIW………………………55**

**JUWMAQLAW.........................................................................................61**

**PAYDALANILG`AN A`DEBİYATLAR……………………………………………..63**

# KIRISIW

**I.Temanin' aktuwallig'i:**

Qaraqalpaqstan Respublikasi bazar qatnasiqlari tiykarinda rawajlanip atirg'an jag'dayda paydalanilmay atirg'an o'ndiris rezervlerin xojaliq aylanisinda qosiw en' basli waziypalar qatarina kiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasinin' quramindag'i Taxtako'pir rayoni potentsiyali ta'biyiy-ekonomikaliq resurslarg'a bay aymaqlardan esaplanadi. Usig'an sa'ykes menin' qa'niygelik pitkeriw jumisim Taxtako'pir rayoninin' potentsiyaliq ta'biyiy-ekonomikaliq resurslarina xojaliq jaqtan baxa beriwge arnaldi. Bul menin' izertleytug'in Taxtako'pr rayonina ekonom-geografiyaliq sipatlama degen atamadag'i temamnin' mazmunin quraydi.

Durisinda da, Taxtako'pir rayoni Qaraqalpaqstan Respublikasinin' 12,8 % ten aslam jer maydanin ham 9,6 % jaylawlarin, 2%ke jaqin egislik jerlerdin' ko'lemin, sonday-aq potentsiyalli jer asti tabiyiy bayliqlardi iyeleytug'in aymaqlar qatarina kiredi.Usig'an saykes Taxtako'pirdin' tabiyiy-ekonomikaliq resurslarin ekonomikaliq-geografiyaliq ko'z-qarastan baxalaw menin' qaniygelik izertlew jumisimnin' tematikasinin' aktuallig'in tag'i bir marte dalilleydi.

**II. Ilimiy izertlew jumisinin' obekti ham predmeti:**

Qaniygelik pitkeriw jumistin' izertlew obekti etip Qaraqalpaqstan Respublikasi Taxtako'pir rayoninin' ekonom-geografiyaliq sipatlama beriwge bag'ishlangan, al perdmeti etip rayon aymag'inda sotsiyal-ekonomikaliq potentsiyali resurislardi xojaliq tarawlarinda aqilana paydalaniwg'a arnalg'an.

**III. Izertlew metodikasi ha'm metodologiyasi:**

Ilimiy izertlew jumisinin' metodikasi ha'm metodologiyasi retinde O'zbekistanli, kistanli, sonday-aq buniya juzinin' ko'rnekli ilimpazlarinin' ilimiy teoriyaliq mag'liwmatlari, O'zbekistan Respublikasi Prezidentinin' xaliq-xojaliq tarawlarin reformalastiriw ha'm ekonomikaliq reformalardi teren'lestiriwge arnalg'an miynetlerinen paydalanildi, sonday-aq xukimet ta'repinen shig'arilg'an

qararlar o'ndiristi turaqli rawajlandiriwg'a baylanisli du'zilgen strategiyaliq materiallar is-ilajlarin uyrendim ha'm o'z jumisimda paydalandim.

**IV. Izertlew jumisinin' Ilimiy jan'aliqlari:**

Izertlew jumisi jan'aliqlarina Taxtako'pir rayoninnin' tabiyiy-ekonomikaliq resurslarin ratsionli paydalaniw boyinsha alg'an pikir ha'm juwmaqlawlar rayon masshtabinda xaliq-xojalig'i tarawlarin turaqli ha'm na'tiyjeli rawajlandiriwg'a jol ashadi. Bul ha'm basqa da, ko'z-qaraslarimizdi o'ndiris protsesinde paydalaniw sonday-aq, oqiw ta'biya jumislarinda a'meliy jumislardi orinlawda paydalaniw mumkin.

**V.Izertlew materiallarinan paydalaniw:**

Ilimiy-izertlew jumistin' aling'an mag'liwmatlar uliwma bilim baratug'in mekteplerde geografiya sabaqlarin uyreniwde ha'm
geografiyaliq bayanatlar sho'lkemlestirwde ko'rgizbeli materiyallar retinde paydalaniwg'a boladi.

**VI. Jumistin' strukturasi:**

Qaniygelik pitkeriw jumistin' mazmuni kirisiw, 4-bap ha'm juwmaqlawdan ibarat bolip, jumistin' uliwma ko'lemi 65 betten ibarat. Jumista 7-keste mag'liwmatlari berilgen. Solay etip, bazar qatnasiqlarinin' xazirgi basqishinda Qaraqalpaqstan Respublikasinin' o'ndiriwshi kushlerin intensiv bag'darda rawajlandiriw paydalanilmay atirg'an rezervlerdi ken'nen awil-xojalig'i aynalisina qosiwg'a tikkeley baylanisli. Usig'an saykes Respublika ko'leminde a'sirese mol jer resurslarina ha'm jer asti tabiyiy bayliqlarg'a iye. Taxtako'pir rayoni aymag'inda suwg'armali biyxanshiliqti rawajlandiriw maqsetinde paydalanilmay atirg'an jan'a jerlerdi awil-xojalig'na o'zlestiriw ha'm bay jaylawlardi mal sharwashilig'ina o'zlestiriwge jol ashatug'ini so'zsiz.

Qaraqalpaqstan Respublikasi ko'leminde usinday ulken mumkinshiliklerge iye aymaqlardin' qatarina Taxtako'pr rayoni esaplanadi. Rayon Qaraqalpaqstannin' 12,8% territoriyasi ha'm barliq Respublika xalqinin' 2,8% o'zimde ja'mlewine

qaramastan Qaraqalpaqstanda awil-xojaliginda paydalanilap atirg'an jerlerdin' 16023 min' gektarinin' ha'm suwg'arip egiletug'in jerlerdin' 6,757 min' gektardan aslamin o'zinde ja'mleydi ha'm jil sayin Respublikada o'ndiriletug'in tovarliq g'a'llenin' usinnan sali o'nimlerinin' 5% al qoy eshkilerdin' bas saninin' 14,6% Taxtako'pir rayonina tiyisli.

Biraq bunnan rayon ko'lemindegi barliq rezervler awil-xojaliq o'nbirisinde toliq paydalanilip atir degen juwmaq shiqpaydi, usig'an uqsas albag'i keleshekte Taxtako'pir rayoninda paydalanilmay atirg'an barliq rezervlerdi o'ndiriske engiziw arqali xojaliq o'nimlerinin' ko'lemin ko'beytiw maqsetinde suwdan paydalaniwdin' jan'a texnologiyasinda o'tiw ha'm bir gektar egislik maydan ushin shag'im suwg'ariw normasin engiziw maseleleri qarastirildi. Bul ha'm tag'i basqada ilajlar rayon aymag'inda tabiyiy ekonomikaliq resurslarinan ratsionalli paydalaniwg'a ha'm usi tiykarda awil-xojalig'i tarawlarin keskin ko'teriwge mumkinshilik du'ziwi tiyis.

Sonliqtanda menin' pitkeriw ju'misim usi Taxtako'pir rayoninin' tabiyiy ekonomikaliq resurslarinan ratsionalli paydalaniw joli menen rayonnin' sotsial-ekonomikaliq rawajlaniwin jedellestiriwge bag'ishlandi. Ju'misti jaziwda rayon ha'm Respublika boyinsha tayarlang'an statistikaliq mag'liwmatlardi, NMPI geografiya kafedrasinda toplang'an ilimiy maqalalar, esabatlar sonday-aq ustazlarimnin' ilimiy miynetlerinen paydalandim.

# I. BAP. QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI TAXTAKO`PİR RAYONININ` TA`BİYİY ShARAYATI HA`M OLARG`A XOJALIQ JAQTAN SIPATLAMA

## 1.1. Qaraqalpaqstan Respublikası Taxtako`pir rayonının` tabiyiy sharayatı ha`m resurslarınan tiyimli paydalanıw mu`mkinshilikleri

Taxtako`pir rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasının’ 15 ha`kimshilik aymaqlıq rayonının` birewi bolıp esaplanadı. Rayon orayı Taxtako`pir posyolkası.

Onın` Qaraqalpastan paytaxtı No`kis qalasınan qashıqlıg`ı 107 km. Paytaxt penen Taxtako`pir –Qarao`zek-Shımbay-Xalqabad avto magistral jolı arqalı baylanısqan.

Jer maydanı 21,1 mın` k.v. km xalqının` sanı 2013 jıldın` 1 yanvarındag`ı mag`lıwmat boyınsha 38,6 mın adam. Rayon 7 awıl ha`m bir qala ko`rinisindegi poselkadan ibarat.

Taxtako`pir rayonı en da`slep 1928 jılı may ayında xa`zirgi Qarao`zek rayonlarının` aymag`ında du`zilgen, 1957 jılı saplastırılıp 1965 jılı 29 dekabrde qaytadan sho`lkemlestirildi.

Rayonnın` qaytadan sho`lkemlestiriliwi burıng`ı awqamnın' Qaraqalpaqstanda salıgershilikti rawajlandırıw siyasatı menen tikkeley baylanıslı.

Taxtako`pir rayonı Respublikamızdın` Moynaq, Qarao`zek, Ellikqala, Beruniy rayonları o`zimizdin` O`zbekstan Respublikasının` Nawayi walayatı ha`m tuwısqan Qazaqstan Respublikasının` Qızıl Orda wa`layatı menen shegaralas.

Rayon ekonomikalıq geografiyalıq jaqtan qolaysız orıng`a jaylasqan.

Birinshiden, rayon tek g`ana Qaraqalpastannın` emes al O`zbekstannın` en` arqada jaylasqan aymaqlarınan biri. Ayırım mag`lıwmatlarg`a qarag`anda jer ju`zindegi paxtashılıqtın` en` arqa zonasında jaylasqan, qon`sılas rayonlar menen salıstırg`anda vegetatsiya da`wiri qısqalaw bolıp keledi.

Sonlıqtanda rayonnın` termikalıq resursları paxtadan joqarı zura`a`t toplaw ushın jetkiliksiz, al ma`kke, ju'weri, salı ha`m basqada da`nli eginlerdin` pisip jetilisiwi tolıq mu`mkinshilik beredi. Yanvar ayının` ortasha temperaturası $–7^0$-$8^0$ S tı, al iyul ayının` ortasha temperaturası $+26^o$ S tı, $+10^0$ S tan joqarı temperaturag'a iye ku'nler sanı 180-192 ku'ndi quraydı, al na`tiyjeli temperaturalı jıyındısı 1900-$2000^0$ S tı qamtıydı.

Bul ko`rsetkishler Qaraqalpastannın` Qubla rayonları menen salıstırg`anda a`dewir to`men. Mısalı, Qublada jaylasqan To`rtku'l rayonda na`tiyjeli temperaturalar jıyındısı 2430-$3360^0$ S tı qurap awıl xojalıg`ının` eginlerinin`, a`sirese ıssılıqtı ko`p talap etetug`ın paxtashılıktan mol zura`a`t toplawga

mu`mkinshilik beredi.

Ekinshiden, jıllılıq jawın shashınnın’ mug’darı 89-100 mm artpaydı. Jawın shashınnın` azlıg`ı ha`m jergilikli suw dereklerinin` jetkiliksizliginen ko`lemi ha`m jer resurslarınan awıl xojalıg`ında paydalanıwdı da`rejesi to`men. Rayonnın’ birden bir suw arteriyası Qızketken kanalınan sag`a alıwshı Quwanıshjarma kanalı esaplanadı. Song`ı jılları suw resurslarının` og`ada az bolıwına baylanıslı awıl xojalıg`ında paydalanatug`ın egislik jerlerdin` du`zilisinde de Taxtako`pir rayonının` ekonomikasına ta`sir eterliktey da`rejede o`zgerisler jurgiziledi. Salının’ egislik maydanı aytarlıqtay qısqardı, al onın` ornına suwdı az talap etetug`ın eginlerdin` egislik maydanı ken`eytildi. Suwdın’ jetispewshiligi sebepli 2000, 2001 jılları salı egiledi. Bul waqıtsha qubılıs, a`lbette.

U`shinshiden, Taxtako`pir rayonının` 2,3 ml gektarlıq jer qorının` 99,2% ti qumlı sho`llerde jaylasqanlıg`ı sebepli onı xojalıg`ında paydalanıw da`rejesi to`men. Topıraq penen qaplang`an jerlerinde shirindi mug`darının` u`lgisi og`ada az. Elimizde ju`z berip atırg`an ekonomikalıq dag’darıs sebepli burınnan paydalanılıp kiyatırg’an ma`deniy topıraqtı qorg`aw isleride to`men da`rejede. Organikalıq ha`m mineral to`ginlerdin` jetpewi na`tiyjesinde topıraq arıqlap, shirindi mug`darı ha`m basqada kerekli elementler azayıp ketken.

To`rtinshiden, Aral ten`izi qa`ddinin` to`menlep ketiwi sebepli ju`zege kelgen, unamsız ekologiyalıq, sotsiallıq, ekonomikalıq jag`daydan en` ko`p ja`bir ko`rmekte. Bu`gingi ku`nde Aral mashqalası og`ada keskinlesti. Bunnan yarım a`sir burın Aral tenizi Taxtako`pir rayonının` aymag`ına o`zinin` unamlı ta`sirin tiygizip turar edi.

Rayon aymag`ında ko`plegen ken` maydandı iyelep atırg`an ko`ller joq bolıp ketti. Mısalı, Makpal ko`l, Sarı ko`l, Ata ko`l joq bolıp ketiw aldında tur.

Bul ko`llerden jergilikli xalıq og`ada ko`p balıq uslaytug`ın edi.

Besinshiden, Taxtako`pir rayonı respublika paytaxtı No`kisten juda` uzaqta, bir shette jaylasqan. Temir jol liniyalar joq. Qon`sılas rayonlardın da ekonomikalıq

ko`rsetkishleri jaqsı emes, ha`mmeside artta qalg’an agrar rayonlar. Xalıqtı sotsiallıq jaqtan ta`miynlewde onın` shashaw jasap atırg’anlıg`ı u`lken zıyan berdi.

Altınshıdan, ekonomikalıq geografiyalıq orınnın` qolaysız ta`replerinen biri qon`sılas Qızıl orda ha`m Nawayı walayatları menen avtomobil jollarının’ baylanıspag`anlıg`ı. Sonın` menen birge Taxtako`pir rayonının` ekologiyalıq geografiyalıq ornınnın’ qolaylı ta`repleride bar. Birinshiden, rayon ken’ jer resurslarına iye. Onın` maydanı Evropanın` ha`m Aziyanın` ko`pshilik ellerinen u`lken. Qoyshılıq ha`m tu’yeshilikti rawajlanlandırıw ushın seksewilzarlıq penen qaplang`an qumlı sho`listan u`lken a`hmiyetke iye.

Qızıl qumnın` Taxtako`pir rayonına tiyisli bo`leginde ju`zden artezian qudıqları islep tur ha`m bul sharwa malları ushın jaylawlardı na`tiyjeli paydalanıwda ko`p paydasın tiygizip atır. Ayrım ilimpazlar artezian qudıg`ının’ qaptalında payda bolg`an ko’lshelerde balıqlardın` bir neshshe tu`rin o’rishitiw mumkin ekenligin da`liylep bermekte.

Ekinshiden, quyash radiatsiyasının` joqarılıg`ı o`zinin` u`lken na`tiyjesin bermekte, Taxtako`pir rayonı elimiz qırmanına ha`r jılı paxta, salı, biyday, ovosh-palız, o`nimlerin jetistirip beriwde o`zinin` aytarlıqtay salmaqlı ornına iye.

U`shinshiden, ta`biyiy landshafit ken` tarqalg`an aymaqlardan biri bolıp tabıladı. Qızıl qumda adam az ta`sir etken jerler ko`p bolıp landshafit ta`biyiy halda saqlang`an.

Taxtako`pir rayonının` ekonomikalıq geografiyalıq ornı transport, baylanıs kommunikatsiyalarının` rawajlanıwı menen o`z qolaylıqlarına iye bolmaqta.

1992 jılı gaz qubırlarının`, keyinirek Tu’yemoyın-Shımbay-No`kis-Taxtako`pir suw qubırlarının` jetkiziliwi jergilikli xalıqtın` sotsiallıq jag`daylarının` a`dewir jaqsıladı. Bul mumkinshilikler rayonnın` ha`r bir awılına tuwg`ızılg`an.

Biraq, 2000-2001jılg`ı suwdın` tamtarıs bolıwı Taxtako`pir rayonının` ekonomikasına og`ada u`lken zıyan berdi. Salı menen daqqa shıqqan rayonda bir gektarda salı egilmedi. Ot jem eginlerinin` qısqı ma`wsim ushın jamg`arılmay

qalıwı sharwashılıqqa u`lken zıyan berdi.

Na`tiyjede, rayon xalqının` sırtqa ko`ship ketiwi baslandı.

Qaraqalpastannın` en` arqa zonasında jaylasqan Taxtako`pir rayonının` o`zinin` ekonomikalıq geografiyalıq ornının` qolaysız ta`replerine qaramastan ga`rezsiz O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` g`amxorlıg`ı na`tiyjesinde xalıq xojalıg`ının` tu`rli tarawlarında u`lken jetiskeliklerdi qolg`a kirgize beredi.

Ha`zirgi ju`z berip atırg`an krizis waqıtsha qurılıs.

Taxtako`pir rayonı Qızıl qum ha`m To`mengi A`miwda`r`ya ta`biyiy geografiyalıq rayonlarının` aymag`ında, sho`l poyasında jaylasqan.

Rayon aymag`ı bir birinen parıq qılatug`ın u`sh rel`ef du`zilisinen ibarat. 1. Qızıl qum sho`li. 2. Quwanısh jarma alabı. 3. Beltaw tobeshigi.

Qızıl qum sho`listannın` en` arqa batıs bo`limi Taxtako`pir rayonına tiyisli bolıp ol qubla-shıg`ıstan arqa-batısqa qarap pa`seyip baradı ha`m batıs ta`repte Aral ten`izinin` kewip ultanında qa`liplesken jan`a Aral qum sho`li menen tutasıp ketedi, onın` ortasha absolyut biyikligi 80m ge shekem pa`seyedi. Biraq Beltaw to`beshigine qaray joqarılaydı.

Qızıl qumnın` qıs ma`wsimi Sibir antitsiklonınan ju`zege kelgen hawa massasının` ta`sirinde boladı. Bul hawa massası arqa-shıg`ıstan esken qurg`aq ashıq ha`m suwıq hawa rayon ju`zege keltiredi. Yanvar ayının` ortasha temperaturası $–4\text{-}6^0$ S qa shekem to`menleydi. Ayrım jılları hawanın` minimal temperaturası $–32^0$ S qa shekem tu’sip ketedi, biraq bul ha`diyse song`ı 30 jılda ju`z bermedi. Qızıl qumnın` jazı og`ada ıssı ha`m qurg`aq. İyul ayında hawanın` ortasha temperaturası +28+30 $S^0$ qa ten`. Qızılqum Qaraqalpastannın` ha`m O`zbekstannın` en` qurg`aq ushastkalarnınan biri bolıp jıllıq jawın-shashın mug`darı 75-100mm a`tirapında.

Qar qaplamı juda` juqa bolıp, uzaq waqıt saqlanbag`anlıg`ı sebepli sharwa malları qısta da jaylawlarda bag`ıladı. Lekin, ayırım jılları noyabr, dekabrde

jawg`an qar mart ayının` ortalarına shekem erimey sharwashılıqqa u`lken zıyan beredi.

Qızılqumda klimattın` qurg`aqlıg`ı sebepli turaqlı suw derekleri joq. Biraq, jer astı suwları juda` ko`p, lekin insannın` ishiwi ushın jaramsız. Qalın` qum barxanaları astında shama menen 100m teren`likte dushshı jer astı suwları bar bolıp onın` minerallasıw da`rejesi 0,3-1,02% ge jetedi.

Qızılqumda sur qon`ır topıraqlar ha`m relefi oy jerlerinde taqırlar ken` tarqalg`an, shirindi mug`darı 0,4-0,5% ge shekem jetedi.

Qızılqumnın` o`simlik dunyası no'lge ten` qa`siyetlerge iye bolıp jazdın` baslanıwı menen sarg`ayıp quwrap qaladı. Al, seksewiller jıl dawamında o`z o`mirin dawam etedi.

Qızılqumda qum tıshqanı, jumıran qazıq, tasbaqa, kiriptiken, jılanlar, eshkiemer, miy, qaraqurt, shayan, su't emiziwshilerden kiyik, qasqır, tu`lki, porsıq, shag`al, qoyanlar jasaydı.

Quslar ken' tarqalg`an Xojasawdager, jılqıshı, suwpı torg'ay, u`yrek, gaz, qırg`awıl, tuwalaq, shımshıq, g`arg`a, ha`kke ko`p ushıraydı.

Aqshada`ryanın` eski da`ryası Taxtako`pir rayonının` aymag`ında jaylasqan bolıp, allyuvial jatqızıqlar menen qollang`an.

Quwanısh jarma alabı. Quwanıshjarma kanalı 87 km uzınlıqqa iye bolıp Qızketken kanalının` ekige bo'liniwinen payda bolg`an. Ol Taxtako`pir rayonının` aymag`ında suwg`arıwg`a sarplanıp joq bolıp ketedi. Biraq suw mol jılları Qarateren', Atako'l sıyaqlı ko`llerge quyadı. Quwanısh jarma kanalının` suwının` esabınan son'g`ı sherek a`sir dawamında Qarateren` ko`linin` maydanı 2 esege u`lkeydi.

Quwanısh jarma alabı to'rtlemshi da`wir jatqızıqları menen qaplang`an. Quwanısh jarma kanalı ha`m onnan sag'a alatug'ın jap salmalardın' eki boyı o'nimdar ma'deniy topıraq penen qaplanıp shirindi mug'darı 3% ke shekem jetedi. Bir neshshe a`sirden berli bul alapta jergilikli xalıq diyxanshılıq penen

shug’ıllanadı.

Quwanısh jarma kanalının` eki boyında toran`g`ılzarlıq ha`m jigildikzarlıq ken` tarqalg`an. Bul tog`aylardın` arasında jabayı shoshqalardı, tu’lki, qasqır, shag`al, porsıq, qoyan, tıshqanlardı, qırg’awıl, ha`m quslardın` basqada tu’rleri jiyi-jiyi ushırasıwı mu`mkin.

Quwanısh jarma alabı ha`zirgi A`miwda`r`ya deltasının’ bir bo`limi bolıp esaplanadı. Sonın` menen birge a`yyemgi Aqshada`rya deltası da usı jerde jaylasqan bolıp, antropogenallyuvial jatqızıqlardan ibarat onın` ortasha qalın`lıg`ı 20m den kem emes.

Aral ten`izinin` qurg`aqlıqqa aylang`an boleginde ha`zirgi zaman jatqızıqları toplang`an.

Quwanısh jarma alabının` o`simlik du`n`yası Qızılqum o`simliklerinen a`dewir parıq qıladı. Shorqaq topıraq ken` tarqalg`anlıg`ı sebepli jın`g`ıl, qarabaraq, asqabaq, balıqko`z, aqsar ken` tarqalg`an. Kishigirim maydandı iyeleytug`ın toran`g`ılzarlıq ha`m jigildikzarlıqtı ko`p ushıratıw mu`mkin. Biraq, song`ı sherek a`sirde bul tog`aylıqlardın` maydanı bir-neshshe ese kishireydi. Olardın` ko`plep shabılıwı birinshiden jan’a egislik jerlerinin` ko`plep ashılıwı, a`sirese salıgershiliktin` rawajlandırılıwı menen tikkeley baylanıslı. Ekinshiden, jergilikli xalıq otın sıpatında aqıbetin oylamastan tog`aylıqlardı ko`p nıpqırt etti.

Klimatı. Qızılqum qum klimatı menen sa`ykes keledi, biraq ıg`allılıq joqarılaw.

**Beltaw.** Beltaw to`beshigin jergilikli xalıq Bo`rshitaw dep ataydı. Ol A`miwda`r`ya ha`m eski Aqshada`rya deltalarının` arasında Aral ten`izinen qubla bag`ıtta jaylasqan u`stirtlik.

Beltawdı qurawshı u`shlemshi da`wir ten`iz sho`gindileri u`stirtliktin` jer betine jaqın jaylasqan. Jer betinin` du`zilisi u`stirtlik tu`rinde bolg`an menen de onın` tegis relefin waqıtsha ag`atug`ın bir neshshe saylar ha`m gaz qatar bolıp dizbeklesip jaylasqan u`yinshik-u`yinshik qumlar a`dewir buzıp ko`rsetedi.

Ha`reket etiwshi qum dizbeklerinde ha`r jer, ha`r jerde ko`rinedi. Beltaw u`stirtliginde ha`dden tısqarı tegis ayırım bo`lek maydanları da jiyi ushıratamız.

Olardın` beti to`rtinshi da`wirdegi unıraw qubılıs na`tiyjesinde payda bolg`an allyuvial sho`gindiler menen jabılg`an. Biraq bul sho`gindiler sho`l klimatı sharayatında juda` qalın` qatlam payda etpegen. Sonlıqtanda Beltawdag`ı u`shinshi da`wir ten`iz sho`gindileri geypara jerlerinde jerdin` betinde ushıraydı.

Beltaw u`stirtliginin` ten`iz betinen biyikligi 120-145 metr arasında. Onın` en` biyik to`beleri qubla-batıs bo`liminde jaylasqan. Beltawdın` janbawırları barlıq ta`replerinde birgelki emes, a`dewir tik janbawırları onın` qubla ha`m batıs ta`replerinde al arqa ha`m shıg`ıs janbawırları qıya jaylasqan.

Qardın` erigen suwları ha`m jawın-shashınlar waqıtta ag`atug`ın saylardı payda etip. Olar Beltawdın` eteklerine ha`r jılı ko`p mug`darda sazlı taw jınıslarına alıp keledi. Uzaq jıllar dawamındag`ı saylardın` jumısı na`tiyjesinde Beltawdın` eteklerinde onı 500 metrge jetetug`ın prollyuvial sho`gindiler payda bolg`an.

Ba`ha`rde Beltawdın` ko`pshilik bo`legi tınıq jasıl ren’ge boyaladı. Lala qızg`aldaqlar o`zinin` go`zzal ko`rinisi ha`m sulıwlıg`ı menen ko`zdin` jawın aladı. Biraq ıg`allılıqtın` jetpewi na`tiyjesinen jaz ma`wsimi baslanıwdan-aq ha`mme ot-sho`p quwrap ba`ha`rgi go`zzallıq o`tmishine aylanadı.

Ha`zirgi waqıtları Beltawdın` ayırım bo`lekleri jergilikli diyxanlar ta`repinen o`zlestirilgen. To`beshiktin` bawırlarında jaylasqan Qara teren` ko`linen qu`diretli nasoslar menen suw alıp to`beshiktin` tegis ha`m o`nimdar bo`lekleri diyxanshılıqta paydalanılmaqta.

Taxtako`pir rayonının` aymag`ı Turan oypatlıg`ının` ajıralmas bir bo`legi bolıp, onın` orta bo`leginde jaylasqan. A`yyemgi qurg`aqlıqtın` payda bolıw da`wirinen baslap-aq jerdin` beti juwılıw protsessine ushırap a`ste aqırın jemirilip, unırap tegislene baslag`an. Ha`zirgi waqıtlarıda samal eroziyası sebepli tegisleniw dawam etpekte.

Taxtako`pir rayonının` aymag`ı geologiyalıq du`zilisi, onın` rawajlanıw

tariyxı ayrım geologiyalıq da`wirlerdegi tek o`zine g`ana ta`n bolg`an geoximiyalıq o`zgerisler ha`r turli qazılma baylıqlardın` ju`zege keliwine mu`mkinshilik bergen.

Ga`rezsizliktin` keyingi jılları Taxtako`pir rayonının` batıs ta`replerinde neft ha`m gaz ka`nleri tabıldı, bul ka`nler sanaatlıq a`hmiyetke iye bolıwı da mu`mkin.

Mineral duzlar Sarınıq ko`li, Maqpal ko`l, Atako`l ha`m basqada kewip qalgan ko`llerdin` ultanında ken` tarqalg`an.

Beltawda ha`k tas, gips, por, glouponitli qumlar, kaolin saz ılayları, mergel ha`m qum taslardın` u`lken qorları bar.

Paleogen ha`m por jatqızıqları arasında toplang`an artezian suwları xalıq xojalıg`ında u`lken a`hmiyetke iye bolmaqta.

Taxtako`pir rayonında ha`r qıylı shiyki zat qorlarının` ashılıwı bul rayonda sanaatlı bag`darda rawajlandırıwg`a ken` mu`mkinshilikler jaratıp beredi.

Klimat ha`m jer suw resursları awıl xojalıg'ın tu'rli bag`darda rawajlandırıw ushın xızmet etedi. Taxtako`pir rayonında ta`biyiy ıg`allanıw qubılısı og`ada az, bul ko`lden suwg`arıw arqalı awıl xojalıq eginlerinin` ıg`allıqqa degen kemisin tolıqtırıwı ha`m termikallıq resurslardan a`dewir tolıq ratsionallı paydalanıwg`a imkaniyat beredi.

Sebebi, jıl boylıq jıllı ku`nlerdin` sanı, hawanın' temperaturası ha`m ıg`allıg`ı, na`tiyjeli temperaturalar jıyındısı, jawın-shashın mug`darı, samaldın` ku`shi ha`m bag`ıtı ha`m basqada ko`plegen faktorlar ma`deniy o`simliklerdin` normal o`sip rawajlanıwı ushın, sonday-aq awıl xojalıq jumısların o`z waqtında ha`m sapalı jurgiziw ushın u`lken a`hmiyetke iye.

Taxtako`pir rayonında birden-bir suw deregi A`miwda`r`yadan toyınıwshı Qızketken kanalının` bir salası bolg`an Quwanıshjarma kanalı bolıp rayonnın` barlıq xalıq xojalıq kompleksinin` rawajlanıwı da`rejesin anıqlaydı.

Jer astı suwlarının` jaylasıwında da o`zine ta`n geypara o`zgeshelikleri seziledi. Sonday-aq, releftin' ha`dden tısqarı tegis ekenligi, jer betindegi

sho`gindinin` mexanikalıq quramı ha`m jer u`sti suwlarının` jaylasıwı o`zgeshelikleri onı anıqlawshı jag`day bolıp esaplanadı. Haqıyqatında da, aymaqtın` sho`l klimatı sharayatında jıllıq jawın-shashın mug`darının` ha`dden tısqarı azlıg`ınan jer astı suwlarının` tolısıwı ushın ko`p mug`darda suw bere almaydı.

Rayonnın` A`miwda`r`ya deltasında jaylasqan jerlerinde jer astı suwlarının` qa`ddi 4,5-5 metr teren'likte jaylasqan.

Al, arqa-shıg`ısındag'ı diyxanshılıq ushın ele tolıq o`zlestirilmey atırg`an Aqshada`rya deltasında jer astı suwlarının` qa`ddi 12-17 m teren`likte ushıraydı. Sonday-aq ha`zirgi waqıtqa shekem diyxanshılıq ushın o`zlestirilmegen Taxtako`pir rayonındag'ı Tu'rkmenqırılg`an qum massivinde de jer astı suwları a`dewir teren`de jaylasqan. (6-10m)

Rayonnın` diyxanshılıq maqsetinde paydalanbay atırg`an jerlerinde jer astı suwlarının` qa`ddi jıl dawamında birgelki boladı. Al, diyxanshılıq penen ba`nt bolg`an maydanlarda jer astı suwlarının` qa`ddi jaz aylarında a`dewir ko`terilip, qısta olar pa`seyip ketedi.

Juwmaqlastırıp aytqanda Taxtako`pir rayonının` ta`biyatı ha`m ta`biyiy resursları xalıq xojalıg`ında paydalanıw ushın u`lken a`hmiyetke iye bolıp bul aymaqta azıq-awqat, qurılıs materialları ha`m ximiya sanaatı ushın rawajlanıw mu`mkinshiliklerin beredi.

Sonın` menen birge awıl xojalıg`ının` diyxanshılıq, sharwashılıq ha`m balıqshılıq tarawların rawajlandırıw ushın ta`biyiy sharayatlarg`a iye. Biraq 2000, 2001 jılları suwdın` keskin azayıp ketiwi salıgershilik, paxtashılıq, qarako`lshilik, balıqshılıq ha`m basqa da tarawlarda jetistiriletug`ın o`nimnin' keskin to`menlep ketiwine alıp keldi.

Awıl xojalıg`ı tarawı rayonda xalıq xojalıg`ının` tiykarg`ı tarawı bolg`anlıqtan- bul tarawda ju`z bergen dag`darıs barlıq tarawlarg`a o`zinin` unamsız ta`sirin tiygizdi. A`sirese, son'g'ı eki jılda jergilikli xalıqtın` qon'sılas

ma`mleketlerge ha`m paytaxtqa qarap ko`shiwi xojalıq tarmaqlarında ko`plegen mashqalalardı payda etpekte

## 1.2. Taxtako`pir xalqının` o`siw pa`ti ja`ne udayı ko`beyip barıwının` miynet resurslarınan o`ndiris tarawlarında paydalanıwg`a ta`siri

Ha`zirgi waqıtta xalıqlar geografiyası ekonomikalıq ha`m sotsiallıq geografiyanın` rawajlang`an baslı tarmaqlarının` biri bolıp esaplanadı. Ja`miyettin` o`ndiriwshi ku`shi bolg`an xalıqtı u`yreniw xalıq xojalıg`ı ha`m ilim ushında u`lken a`hmiyetke iye. Sebebi ma`mleket ha`m onın` regionlarının` ekonomikalıq rayonları xalıq xojalıg`ın u`yreniw, jaylastırıw ha`m rawajlandırıwda xalıq sanı, quramı, o`sip o`niwi, islep shıg`arıwg`a qa`niygelesiw, migratsiyalıq ha`reketi territoriya boylap jaylasıwı h.t.b.

Taxtako`pir rayonı xalqının` sanı, jaylasıwı ha`m tıg`ızlıg`ı jag`ınan Respublikamızdın` basqa rayonlarınan ajıralıp turadı.

Rayonnın` ta`biyiy–ekonomikalıq sharayatı boyınsha berilgen sıpatlamada ko`rsetilgendey rayon aymag`ında ekonomikalıq tarawlardın` rawajlanıwi ushın u`lken mu`mkinshilikler bar ekenligin da`liylledi. Durısında da rayon Qaraqalpaqstannın` qubla bo`limindegi da`rya alabi iyelep allyuvial jatqızıqlardan du`zilgen oypatlıqta jaylasqan. Jer betinin` du`zilisi agroklimat resursları suwg`armalı diyxanshılıqtı rawajlandırıw ushın qolaylı. Keyingi jıllarda awıl xojalıg`ında ju`rgizilgen reformalarg`a sa`ykes suwg`arıp egiletug`ın diyxanshılıq tarawlarının` strukturası jetistirildi ha`m paxta monopoliyası sheklendi. Na`tiyjede paxtashılıq penen shug`ıllanbaytug`ın xojalıqlardı g`a`lleshilik, bag'shılıq ha`m ju`zimgershilik, ovosh-baxcha ha`m mal sharwashılıg`ı tarawları du`zildi ha`m rawajlanbaqta. Usıg`an sa`ykes awıl xojalıg`ı o`nimlerin, qayta islep shıg`aratug`ın sanaat tarawları, orta ha`m kishi fermer xojalıqları, iri sanaat tarawlarının` filialları du`zildi. Bul ha`m basqada jan`a reformanı iske asırıwg`a qaratılg`an ilajlar xalıqtı jumıs penen ta`miynlewde awıllıq jag`daylardın` ma`deniyatın u`yreniwge ha`m awıl jaslarının` esabınan diyxan xojalıg`ının` rawajlandırıwg`a uqıplı turaqlı

jaslardın` yasheykasın du`ziwge jol ashtı. Na`tiyjede bu`gingi Taxtako`pir rayonı Qaraqalpaqstandag`ı ko`p tarmaqlı awıl xojalıg`ı sanaat, transport ha`m baylanıs tarawlarına iye rayonlarg`a aynaldı. Rayon aymag`ında jasawshı xalıqtın` materiallıq ha`m ma`deniy sharayatı jaqsılandı. Bul xalıq sanının` o`siw pa`ti, jas ha`m jınıs strukturasının` sapalıq jaqtan jaqsılanıwına alıp keldi.

Xalıqtın` jas ha`m jınıs quramı. Ha`r bir eldin` regionnın` tuwılıwshılıg`ı ta`biyiy o`simi, miynet resurslarının` o`simin aldın-ala boljaw ushın xalıqtın` jas ha`m jınıs quramın izertlewimiz kerek boladı. Sebebi xalıq xojalıg`ın rawajlandırıw ushın baslı faktorlardın` biri miynet resursları bolıp esaplanadı, sebebi miyenet resurslarının` du`ziliwin aldın-ala xalıqtın` jas ha`m jınıslı quramın analizley otırıp anıqlaymız.

Xalıqtın` jınıs o`zgeshelikleri, yaki erkekler menen hayallardın` salıstırma salmag`ı boyınsha ten`dey bolmawı mu`mkin. Qız ballarg`a qarag`anda er ballar bir qansha ko`birek tuwıladı. Biraq olardın` sanı belgili bir jasqa jetkende (15-16) ten`leydi. Ayrım regionlarda ballardın` sanı bir qansha joqarı boladı.

Eger rayon aymag`ında 1959 jılg`ı xalıq esap sanag`ı da`wirinde 35 mın` xalıq jasap, usının` 31,0 mın`ı qalada, al 58,4 mın`dayı awıllarda jasasa bu`gingi ku`ni, yaki 1-yanvar` 2013 jılı rayonda 38, 6 mın` xalıq jasaydı (keste 1).

**Кeste-№1**

**Taxtako`pir rayonı xalqının` o`siw pa`ti ha`m tıg`ızlıg`ı,**

**(1km$^2$ esaplag`anda).**

| jıllar | xalqı | tıg`ızlıg`ı 1km$^2$ |
|---|---|---|
| 1959 | 35,0 | 1,65 |
| 1984 | 34,3 | 1,62 |
| 1997 | 42,9 | 2,03 |
| 1998 | 43,6 | 2,06 |
| 1999 | 43,6 | 2,06 |

| | | |
|---|---|---|
| **2000** | **44,3** | **2,09** |
| **2013 01.1-yanv.** | **38,6** | **1,96** |

O`tken jıllar ishinde rayon xalqının` jas strukturasında da u`lken unamlı ha`diseler ju`z berdi. Ha`zir rayon xalqının` basım ko`pshiligin jas o`spirimler ha`m jas adamlardın` qatarı iyeleydi. Eger statistika mag`lıwmatı boyınsha 2012 jılı rayon aymag`ında 38,6 mın` xalıq jasasa, usının` 16 jasqa shekem shaxslar 23,2 mın`. al miynetke uqıplı 16 jastan 55-60 jasqa shekemgileri 21,4 mın` adamdı quraydı.

Usınnan erkeklerdin` sanı 18,7 mın` adamdı, al hayallar bolsa 19..9 mın`dı quraydı. Sonday qılıp Taqtako`pir rayonı xalqının` jas strukturasında miynet resursların udayı tolıqtırıwg`a tayar jas o`spirimler ha`m miynetke jaramlı jastag`ı kategoriyanı quraytug`ın jas adamlar sanı rayonnın` barlıq xalqının` 13,2 mın` adam, yaki 74,2% in quradı.

Xalıqtın` jas ha`m jınıs quramı. Ha`r bir eldin` regionnın` tuwılıwshılıg`ı ta`biyiy o`simi, miynet resurslarının` o`simin aldın-ala boljaw ushın xalıqtın` jas ha`m jınıs quramın izertlewimiz kerek boladı. Sebebi xalıq xojalıg`ın rawajlandırıw ushın baslı faktorlardın` biri miynet resursları bolıp esaplanadı, sebebi miynet resurslarının` du`ziliwin aldın-ala xalıqtın` jas ha`m jınıslı quramın analizley otırıp anıqlaymız.

Ta`biyatta erkekler menen hayallardın` salıstırma salmag`ı boyınsha ten`dey tuwılmaydı. Qız balalarg`a qarag`anda er balalar bir qansha ko`birek tuwıladı. Biraq olardın` sanı belgili bir jasqa jetkende (15-16) ten`leydi. Ayrım regionlarda ballardın` sanı bir qansha joqarı boladı.

Xalıqtın` jas ha`m jınıslıq quramın analizley otırıp mısalı 0 jastan 5 jasqa shekemgi ballardın` sanın, olardın` er ha`m qız bala ekenligin anıqlay otırıp 15 jıldan keyin tazadan kelip qosılıwshı miynet resursların shamalap aldın-ala boljay

alamız. Sog`an qaray bir xalıq biz xalıq xojalıg`ında tazadan kelip qosılıwshı miynet resurslarının` jumıs penen ta`miynleniwin jobalastıramız.

Rayonnin’ jınıslıq quramın analizlep ko`rgenimizde er adamlardın` sanına qarag`anda hayal jınıstag`ı adamlardın` sanı biraz ko`pshilikti quraydı.

**Keste-№2**

**Taxtako`pir rayonı boyınsha erler ha`m hayallardın` salıstırma u`lesi, (20 1 2 -j 1-yanvar`)**

| *Rayon ha`m aymaqlar* | *erler* | *% esab.* | *hayallar* | *% esab.* |
|---|---|---|---|---|
| **Taxtako`pir rayonı** | **18746** | **49,9** | **19875** | **50,1** |
| **Qalalarda** | **8483** | **49,4** | **8643** | **50,6** |
| **Awıllarda** | **13263** | **50,1** | **13192** | **49,9** |
| **Sonnan** | | | | |
| **Atako`l** | **1368** | **49,9** | **1370** | **50,1** |
| **Qara oy** | **1956** | **50,4** | **1921** | **49,6** |
| **Mu`lk** | **2386** | **48,6** | **2521** | **51,4** |
| **Qon`ıratko`l** | **1483** | **49,9** | **1491** | **50,1** |
| **Jan`ada`r`ya** | **1280** | **50,4** | **1255** | **49,6** |
| **Beltaw** | **1224** | **48,7** | **1290** | **51,3** |
| **Qarateren`** | **2042** | **43,4** | **1777** | **46,6** |
| **Taxtako`pir** | **1524** | **49,3** | **1567** | **50,7** |

Taxtako`pir rayonının` xalqı 1 –yanvar` 2013 jılı statistika basqarması mag`lıwmatı boyınsha 38,6 mın` adamg`a jetti. Xalqının` sanı jag`ınan Qaraqalpaqstan Respublikası xalqının` 2,9 protsenttin quraydı ha`mde xalqının`

sanı jag`ınanda Respublikadag`ı administrativlik rayonlardın` ishinde en` son`g`ı orındı iyeleydi.

Taxtako`pir rayonı du`zilgennen keyin (1950-jıllardan son`) xalqı tez pa`t penen o`sip bardı. Sebebi ta`biyiy sharayat ha`mde diyxanshılıq a`sirese sharwashılıq ushın qolaylı bolg`anlıqtan xalıq ko`ship kele basladı.

Taxtako`pir rayonında xalıq bir tegis jaylaspag`an. Xalıqtın` territoriya boylap jaylasıwı ha`m tıg`ızlıg`ı xalıq xojalıg`ındag`ı tarawlardı rawajlandırıw ushın a`hmiyetli fator bolıp esaplanadı. Xalıqtın` territoriya boylap jaylasıwı uzaq dawam etken qonıslasıw ha`m xojalıqtın` rawajlanıw protsessi menen tıg`ız baylanıslı boladı. Tıg`ızlasıw protsessinin` o`zgesheligi tariyxıy, sotsial, ekonomikalıq ha`m ta`biyiy faktorlardın` o`z-ara ta`siri astında iske asırıladı. Bulardın` ishinde sotsial-ekonomikalıq jag`day baslı rollerdin` biri bolıp esaplanadı.

**Keste-№3**

**Taxtako'pir rayoninin' aymaqlar ha'm awilliq ken'esler boyinsha jaylasiwi**

| Aymaqlar | xalıq sanı | % esabında rayon xalqın salıstırıw |
|---|---|---|
| **Taxtako`pir rayonı** | **38621** | **100%** |
| **Qala xalqı** | **18966** | **39,3** |
| **Pos. Taxtako`pir** | | |
| **Awıl xalqı** | **19645** | **60,7** |
| ***Sonnan:*** | | |
| **Atako`l** | **2738** | **6,2** |
| **Qara oy** | **3877** | **8,9** |
| **Mu`lik** | **4907** | **11,2** |

| | | |
|---|---|---|
| **Qon`ırat ko`l** | **2974** | **6,9** |
| **Janada`r`ya** | **2535** | **5,9** |
| **Beltaw** | **2514** | **5,8** |
| **Qarateren`** | **3819** | **8,8** |
| **Taxtako`pir** | **3091** | **7,0** |

Joqarıdag`ı mag`lıwmatlardan ko`rinip turg`anınday Taxtako`pir rayonında xalıqtın` ko`pshiligi sonın` ishinde awıllarda 26455 adam (60,7 %), al qala xalqı 17166 adamdı (39,3 %) quraydı. Bunın` tiykarg`ı sebebi Taxtako`pir rayonının` xalıq xojalıg`ı ta`rawlarının` qa`niygelesiw da`rejesine qaray awıl xojalıg`ı, a`sirese paxtashılıq, salıgershilik ovosh palız, a`sirese sharwashılıqqa qa`niygeleskenligi ayqın ko`zge taslanadı..

Xalqının` tıg`ızlıg`ı Respublikamazdag`ı rayonlarda birdey emes. Taxtako`pir rayonı Respublikamız rayonlarına salıstırg`anda en` siyrek jaylasqan rayonlardan esaplanadı. (Moynaq, Qon`ırat rayonlarınan alda turadı). Taxtako`pir rayonının` orayında (Taxtako`pir posyolkasında) xalıq biraz tıg`ız jaylasqan. Al Mu`lk, Qara oy awıllıq elatlı punktlerde xalıq biraz siyrek jaylasqan. Rayonnın` arqa shıg`ıs bo`liminde xalıq ulıwma siyrek jaylasıp, ha`tte xalıq jasay alatug`ın jerlerde ushırasadı (Qızılqumnın` shıg`ıs bo`limlerinde).

Ha`zirgi Taxtako`pir rayonı xalqının` ortasha tıg`ızlıg`ı 1km$^2$ jerge esaplag`anda 2 adam do`gereginde.

Taxtako`pir rayonı xalqının` milliy quramı ha`zirgi ku`nde Qaraqalpaqstan Respublikasında ko`plegen u`lken ha`m kishi millet wa`killeri jasaydı, sonın` ishinde biz izertlep atırg`an Taxtako`pir rayonında onlag`an millet wa`killeri jasap, miynet etip atır. Rayon xalqının` tiykarın (basım ko`pshiligin) qazaqlar ha`m qaraqalpaqlar quraydı. Bulardan tısqarı o`zbekler, tatarlar, ukrainlar, ruslar, koreetsler h.t.b millet wa`killeri jasap kelgen. 2012 -jılı rayonda 18200 qazaq milleti wa`killeri jasag`an bolsa yag`nıy 47,2 %i, qaraqalpaqlar 17300 adamdı 44,8%in, o`zbekler 1500 adamdı 3,9%in, basqada millet wa`killeri 1600

adam4,1%ke shamasın quradı. 1998-jılı ko`rsetkish aldıng`ı jılg`a salıstırg`anda parıq qıladı. Yag`nıy, qazaqlar 23145 adamdı 54,3%ti, qaraqalpaqlar 13389 adamdı 44,5%ti, o`zbekler1216 adamdı 0,5%ten aslamın, basqa da millet wa`killeri 258 adamdı 0,7%ke shamalasın quradı. 1999-jılg`ı mag`lıwmatlar boyınsha qazaqlar 23694 adam 54,2%ti, qaraqalpaqlar 19504 adam 44,5%ti, o`zbekler 229 adamdı 0,5%ti, basqa millet wa`killeri 269 adamdı 0,7%ti quradı (keste-4).

**Keste-№4**

**Taxtako`pir rayonı xalqının` milliy quramı.**

**2012 j 1-yanvar`.**

| ***Milletler*** | ***Sanı*** | ***% esabında*** |
|---|---|---|
| **qaraqalpaqlar** | **17,3** | **44,8** |
| **qazaqlar** | **18, 2** | **47,2** |
| **o`zbekler** | **1,5** | **3,9** |
| **basqa millet wa`killeri** | **1,6** | **4,1** |

Son`g`ı jılları yag`nıy ha`zirgi ku`nde rayonda qaraqalpaqlar, o`zbekler, qazaq milleti wa`killeri jasamaqta. Basqa millet wa`killeri qon`sı respublikalarg`a Respublikamız orayına ko`ship qonıslasqan.

Rayon boyınsha alıp qaraytug`ın bolsaq Mu`lk, Beltaw, Qon`ırat ko`l, Jan'ada`r`ya awıllarının` basım ko`pshiligin qazaq millet wa`killeri quraydı.

Ha`zirgi dawirde rayon aymag`ında xalıqtın` san jag`ınan o`siwi jeterli da`rejede emes. Eger, 1970-2000 jıllar ishinde rayon xalqı a`,3 ese derlik ko`beyse, al awıl xalqı absolyut da`rejede 10 mın` adamg`a ko`beyedi. Bul ko`rsetkish aldag'i perspektivada da joqarı pa`t penen o`sedi. Usıg`an sa`ykes rayon aymag`ında sotsiallıq infrastrukturalardı rawajlandırıw ha`m partaw jerlerdi o`zlestiriw jolı menen tuqımgershilik bag`dardag`ı xojalıqlardı sho`lkemlestiriw, sonday-aq mal sharwashılıg`ı o`nimlerin qayta islep shıg`aratug`ın ka`rxanalar ja`rdeminde kishigirim tsexlardı du`ziw ma`selelerin jolg`a qoyıw kerek. Taxtako`pir rayoni xalıqtı g`a`lle, tovarlı su`t, go`sh o`nimleri, ovosh ha`m ot- sho`p penen

ta`miynlewde sheshiwli roldi atqaratug`ın boladı.

Usıg`an sa`ykes awıl xojalıq orınların qayta isleytug`ın a`sirese sherbet tayarlaytug`ın ha`m teri isleytug`ın sanaat orayların du`ziw u`lken a`hmiyetke iye. Bul ha`m tag`ı basqada ku`n ta`rtibine qoyılg`an rejelerdi o`z waqtında iske asırıw awıllıq jerlerdin` ma`deniyatın ko`teriwde, xalıqtı jumıs penen ta`miynlewde ha`m rayon aymag`ında ha`zirgi ku`nnin` talaplarına sa`ykes keletug`ın o`ndirislik infrastrukturalardı rawajlandırıwg`a mu`mkinshilik beretug`ını so`zsiz.

## 1.3.Taxtako`pir rayonının` miynet resursları ha`m xalıq xojalıg`ı tarawında miynet resurslarınan paydalanıw

Geografiya ilimindegi xojalıq ma`selelerin sonday-aq sotsiallıq ma`selelerdi sheshiwde miynet resurslarınan ratsionallı paydalanıw u`lken a`hmiyetke iye.

Miynet resurların xalıq xojalıg`ı tarawlarında rejege sa`ykes paydalanıw o`ndiristin` na`tiyjesin arttırıw arqalı eller yamasa belgili rayon ko`leminde quramalı ma`selelerdi sheshiwge mu`mkinshilik tuwdıradı. Bug`an g`a`rezsizlik jillarında Qaraqalpaqstan Respublikası ko`leminde , sonday-aq onın` administrativlik rayonlar aymag`ında iske asırılıp atırg`an ilajlar mısal bola aladı. Usınday xarakterli territoriyalardın` birine A`miwda`r`ya alabına jaqın jaylasqan Taqtako`pir rayonı jatadı.

Qolda bar mag`lıwmatlarg`a analiz jasasaq rayon aymag`ında jan`a territoriyalardı xalıq xojalıg`ı maqsetleri ushın o`zlestiriw ta`biyiy ekonomikalıq sharayatlardın` o`zgesheliklerin esapqa alıp aldın ala jobalastırılg`an regisler tiykarında iske asırılmaqta. Sonlıqtan da Taqtako`pir rayonında xalıq xojalıg`ı tarawların rawajlandırıwda miynet resurslarınan ratsionallı paydalanıw 1shi orıng`a qoyılıp atır. Bul birinshiden xalıq xojalıg`ı tarawlarında miynettin` o`nimdarlıg`ın arttırıwg`a jol ashsa, ekinshiden milliy doxodtın` ko`lemin joqarılatıwg`a ta`sir etetug`ın baslı faktor esaplang`an.

Ha`zirgi waqıtta izertlengen rayon aymag`ında xalıqtın` o`siw pa`ti joqarı.

Bul ba`rinende burın rayon xalqının` jas ha`m jınıs strukturasında qolaylı

proportsionaldın` du`ziliwine baylanıslı bolıp atır. Mısalı, eger rayon xalqının` tolıq sanın 100% dep alsaq onın` jas quramına analiz ju`rgizsek o`spirimlerdin` ju`da` joqarı u`lesin iyeleytug`ını ko`rinip tur. Usıg`an sa`ykes, aldag`ı perspektivada miynet resurslarınan aqılg`a muwapıq paydalanıw ba`rinende sotsiallıq infrastrukturalardı tez pa`t penen rawajlandırıwg`a tikkeley baylanıslı, tek 2001 jılg`ı statistikalıq mag`lıwmattın` o`zi rayon xalqının` jas strukturasında 1-16 jasqa shekemgi adamlar sanı 19300 adamdı miynetke jaramlı jastag`ı adamlardın` qatarına qosımsha 40%ten aslam miynet rezervleri qosıladı degen so`z, solay etip, o`sip baratırg`an miynet resursların jumıs penen ta`miynlew birinshi da`rejeli mashqalalardan esaplanadı.

Rayon boyınsha esapqa alıng`an jumısqa jaramlı jastag`ı adamlardın` sanı 2012 jılg`ı mag`lıwmatlar boyınsha 27,2 mın` adamg`a bababar bolıp, usının` xalıq xojalıg`ı tarawlarında jumıs penen ta`miynlengen bo`limi 59%ti quraydı. Qalg`an bo`legin u`y qaptal xojalıg`ında, islewshiler, oqıw jasındag`ı jaslar ha`m waqıtsha jumıs penen ta`miynlenbegen kategoriyadag`ı adamlar qatarına kiredi.

Sonlıqtan joqarıda ko`rsetilgen aymag`ındag`ı sharayatlardı esapqa alıp qosımsha jumıs ornın sho`lkemlestiriw awıl xojalıq o`nimlerin qayta isleytug`ın ka`rxanalardın` filialları du`zildi, orta ha`m kishi biznesti sho`lkemlestiriwge sharayatlar jasaw, a`sirese xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın tarawlardı rawajlandırıw ha`m olardın` o`ndirislik bazaların sho`lkemlestiriw ha`zirgi da`wirdin` en` aktual mashqalalar esaplanadı.

Ha`zirgi rayon aymag`ında jeterli jumıs ornı menen ta`miyn etiletug`ın 3,8 mın`nan aslam u`y biykeleri ha`m bala ta`rbiyası menen shug`ıllanatug`ın hayallar, sonday-aq 5,7 mın`g`a shamalas xojalıq jumısları menen ta`miynlenbegen adamlar bolıp, usının` 2598 adamı er jınıstag`ı, al 3138 adam hayal jınıstag`ı shaxslardan esaplanadı.

Bulardın` qatarında jumısqa jaramlı invalidler, tolıq kamalatqa jetpegen jas

o`spirimlerde bar. Bul belgili da`rejede qıyınshılıqlar tuwdırıwıda mu`mkin. Sonlıqtan awıllıq jerler sharayatına sa`ykes mayda jumıs tu`rleri, a`sirese gilem basıw, alasha toqıw, gu'lalshılıq ha`m mal tu`rlerin qayta isleytug`ın tsexlardı du`ziw maqsetke muwapıq keledi. Bul jumıstı sho`lkemlestiriw ha`m orınlawda rayon xalqının` jeterli ta`jiriybesi bar ha`m erte zamanlardan berli islenip kiyatırg`an jumıstın` tu`rlerine kiredi.

Rayon aymag`ında xalıqtın` o`siwi jeterli da`rejede boldı. Eger 1970-2000 jıllar ishinde rayon xalqı 3 ese derlik ko`beyse, al awıl xalqı absolyut da`rejede 10 mın` adamg`a ko`beyedi. Bul ko`rsetkish aldına perspektivada da joqarı pa`t penen o`sedi. Usıg`an sa`ykes rayon aymag`ında sotsiallıq infrastrukturalardı rawajlandırıw, awıl xojalıg`ında ha`m partaw jerlerdi o`zlestiriw jolı menen tuqımgershilik bag`dardag`ı xojalıqlardı sho`lkemlestiriw, sonday-aq mal sharwashılıg`ı o`nimlerin qayta islep shıg`aratug`ın ka`rxanalar ha`m ja`rdeminde tsexlardı du`ziw ma`selelerin jolg`a qoyıw kerek.

Taxtako`pir rayon xalıqtı g`a`lle, tovarlı su`t, go`sh o`nimleri ha`m ovosh penen ta`miynlewde sheshiwli roldi atqaratug`ın boladı. Usıg`an sa`ykes awıl xojalıq orınların qayta isleytug`ın a`sirese sherbet tayarlaytug`ın ha`m teri isleytug`ın sanaat orayların du`ziw u`lken a`hmiyetke iye. Bul ha`m tag`ı basqada ku`n ta`rtibine qoyılg`an rejelerdi o`z waqtında iske asırıw awıllıq jerlerdin` ma`deniyatın ko`teriwde, xalıqtı jumıs penen ta`miynlewde ha`m rayon aymag`ında ha`zirgi ku`nnin` talaplarına sa`ykes keletug`ın o`ndirislik infrastrukturalardı rawajlandırıwg`a mu`mkinshilik beretug`ını so`zsiz (keste-5.)

**Keste-№5**

**Rayon boyınsha shan`araqlar sanının` tarqalıwı ha`m bir shan`araqta jasawshı ortasha adam sanı, 01.01 2012 j. mag`lu`mat boyınsha**

| | Puxara jıyınları atı | Shan`araqlar sanı | Shan`araq ag`zalarının` ulıwma sanı | Ortasha bir shan`araqta jasawshı |
|---|---|---|---|---|

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | **adam** |
| **1** | **Taxtako`pir poselkası** | **2771** | **16637** | **6,1** |
| **2** | **Qaraoy awılı** | **664** | **4030** | **6,5** |
| **3** | **Atako`l awılı** | **463** | **2712** | **5,8** |
| **4** | **Taxtako`pir awılı** | **517** | **2961** | **5,8** |
| **5** | **Mu`lk awılı** | **900** | **5645** | **6,8** |
| **6** | **Jan`ada`rya awılı** | **504** | **2765** | **6,0** |
| **7** | **Qon`ıratko`l awılı** | **457** | **2984** | **6,3** |
| **8** | **Qarateren` awılı** | **721** | **4052** | **6,0** |
| **9** | **Beltaw awılı** | **437** | **2635** | **6,4** |
| | **Barlıg`ı:** | **7434** | **38621** | **6,3** |

Bul ko`rsetkishler barlıq awıllarda shan`araq ag`zalarının` derlik birdey ten` ekenin ko`rsetedi.

Rayon aymag`ı xalqının` migratsiya protsessi. Xalıqtın` ko`ship qon`ıslasıwı yag`nıy migratsiya protsessi xalıqtın` jaylasıwına, sonday-aq xalıqtın` sanı ha`m milliy Taxtako`pir rayonı xalqınan baslı sebebi 5 jag`day menen baylanıslı. Bulardın` ishinde ha`zirgi ku'nlerdegi en` baslılarına ekologiyalıq tepe-ten`liktin` buzılıwı,. sotsial-gigienalıq jag`daylar ha`m tabiyiy sha`rayatlardın` ta`siride joq emes ha`m t.b. Bul u`sh faktorda rayonda migratsiya protsessine keri ta`sir jasadı. Biraq, ayrım jag`daylarda eskiden qalg`an koloniyaliq dawirdegi rejelerde-de kemshilikler az emes edi. Ma`selen, Taxtako`pir aymag`ı A`miwdar`ya deltasınan en` kem degende 250 km qashıqlıqta jaylassada Bo`rshi taw aymg`ına suw jetkerildi ha`m jer proektlew jumısları islep shıg`ıldı, Bunın` ba`ride durıs shıg`ar, biraq Taxtako`pir rayonına shekemgi bos jatırg`an 1,3 mln. gektarday diyqanshılıqqa jaramlı bos jatqan egislik jerge, 15 -23 mın` gektarg`a shamalas diyqanshılıq eginlerin egetug`ın 15- 20 rayon jaylasqan edi. Bug`an qosımsha bizin` sharayatımızdag`ı 41 47 gradus C hawanın` qızıwı ha`m allyuviyal jınıslardan

du’zilgen A`miwda`rya alabındag`ı parlanıw ja`ne piltratsiya protsessin esapqa alg`anda bul esapsızlardı payda etpeydime. Mine usınday jag`daylarda xalıqtı biyzar etiwi ha`m migratsiya protsessin keltirip shıg`aratug`ını so`zsiz. Bul jag`day tek g`ana Taxtako`pir rayonı ushın emes, al Qaraqalpaqstan Respublikasının` basqa rayonları (A`sirese arqa rayonları) ushında ta`n bolıp esaplanadı.

## II. BAP. TAXTAKO`PİR RAYONININ’ XALIQ XOJALIG`I TARAWLARININ` RAWAJLANIWI HA’M AYMAQLIQ DU’ZILISI

### 2.1. Taxtako’pir rayoni xojalig’inin’ aymaqliq du’zilisi ha’m geografiyaliq jaylasiwi

Taxtako`pir rayonı territoriyasında awıl xojalıg`ı o`ndirisinde paydalanılatug`ın jaramlı jerlerdin` ko`lemi statistikalıq mag`lıwmatlarg`a qarag`anda 37,9 mın` gektardı quraydı. Usının` ha`zirgi waqıtta diyqanshılıq tarawında 12780 gektarı paydalanıladı. Usının` paxtanın` egislik maydanı 33239 gektardı quraydı. G`a`lle ushın ajıratılg`an egislik maydanı 6950 gektardı, ovosh ha`m baqsha ushın ajratılg`an egislik maydanı 262 gektardı, al mal sharwashılıg`ı ushın ot jem eginlerge ajıratılg`an egislik maydanı 1098 gektarg`a barabar.

Awıl xojalıg`ında paydalanıwg`a jaramlı suwg`armalı egislik maydanının` 13 mın` gektarı Esim o`zek suwg`aw sisteması ta`sir etetug`ın zonasında jaylasqan. Ha`zir usının` 12,7 mın` gektar suwg`armalı dıyxanshılıq etetug`ın zonasında rayonnın` 13 mın` gektar jer fondı jaylasıp, usının` ha`zir suwg`armalı egislik ushın 11780 gektarı o`zlestirilgen.

Solay etip, eki iri suwg`arıw sisteması ta`sir etetug`ın zonada aldıng`i perspektivada paydalanatug`ın jaramlı 7.6 mın` gektardı quraydı. Bul ko`lemli egislik maydandı awıl xojalıg`ı tarawında tezden o`zlestiriw Taqtako`pir rayonının` Respublika aymag`ında paxta, g`a`lle, ovosh, baqsha ha`m basqada awıl xojalıq o`nimlerin ko`plep jetilistiriwde onın` salıstırmalı u`lesinin` joqarlawına jol ashadı.

Taxtako`pir rayonının` awıl xojalıg`ının` en` baslı tarawı paxtashılıq bolıp esaplanadı. Bul rayon Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha paxtashılıqqa bo`lingen egislik maydannın` 10,2. % tin al, jıl sayın ma`mleketke tapsırılatug`ın paxta o`niminin` 4,7% tin tayarlamaqta. Rayon ko`leminde paxta joqarı doxodlı tarawlar qatarına kiredi. Paxta o`nimi ko`p sanaat tarawları ha`m mal sharwashılıg`ında shiyki zat ha`m jem retinde ken`nen paydalanıladı. Paxta o`nimi a`sirese tekstil sanaatında jip iyiriwde, paxta gezlemelerin toqıp shıg`arıwda, sonday-aq gilem ha`m gilem o'nimlerin tayarlawda en` a`hmiyetli shiyki zat esaplanadı . Al onnan alınatug`ın shigit may islep shıg`aratug`ın tarawlarda, o`simlik mayın o`ndiriwde ken`nen paydalanıladı. Paxta o`niminen alınatug`ın taslandılar gidroliz sanaatı ha`m sabın isleytug`ın tarawlarda en` bahalı shiyki zat ro'lin atqaradı. Paxta rayon ko`leminde mal sharwashılıg`ı o`nimleride diyxanshılıqtın` baslı o`nimleri retinde ma'mleketlik ko`z qarastanda siyasiy a`hmiyetke iye o`nim bolıp esaplanadı. Bul tarawdın` ayırım jıllar ishinde rawajlanıw dinamikasın № 6 tablitsada ko`riwge boladı.

**Keste-№6**

**Taxtako`pir rayonında geypara jıllar ishinde paxtashılıqtın` rawajlanıwının` baslı ko`rsetkishleri.**

| Jıllar | Baslı ko`rsetkishler | | | Taxtako`pir rayonı QR b-sha paxta jetis-gi salıstırmaslı, u`lesi. % ES-da |
|---|---|---|---|---|
| | Egislik maydanı esabında | Zu`ra`a`tlik ts/g | Ulıwma o`nim tonna | |
| 1980 | 2000 | 16,0 | 3000 | 0,7 |
| 1982 | 2619 | 17,3 | 4190 | 1,1 |
| 1983 | 2875 | 33,4 | 4300 | 1,4 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **1984** | **2875** | **33,4** | **4300** | **1,5** |
| **1985** | **2875** | **16,9** | **4300** | **1,7** |
| **1990** | **1978** | **17,3** | **4259** | **1,5** |
| **2000** | **1760** | **19,7** | **3470** | **1,6** |
| **2005** | **3050** | **19,1** | **6092** | **3,2** |
| **2008** | **3239** | **16,3** | **5300** | **3,4** |
| **2010** | **3285** | **18,4** | **5116** | **1,7** |
| **2012** | **3395** | **18,2** | **6162** | **3,3** |

Kestede berilgen tsifrlı ko`rsetkishlerge qarag`anda Taxtako`pir rayonı boyınsha keyin 32 jıl dawamında paxta jetistiriw aytarlıqtay turaqlastı ha`m jıl sayın o`ndiriletug`ın paxta o`nimin Respublika boyınsha Joqarı salıstırmalı u`lesin tutadı. Biraq degen menen keyingi jıllarda ha`r gektar jerde alınatug`ın paxta zu`ra`a`tliligi ha`m ulıwma o`nimnin` ko`leminde pa`seyiw tendentsiyası bayqaladı. Bul ba`rinen de burın egislik jerlerdin` meleorativlik jag`dayının` to`menlewi ha`m kollektor drenaj na`tiyjeliginin` pa`seyiwine baylanıslı bolıp otır. Usıg`an baylanıslı egilgen egislik jerlerdin` meleorativlik sharayatın jaqsılaw ha`m diyyxanshılıqta almaslap egiw sistemasının` qa`demlerin tolıq asırıw ushın a`hmiyetke iye. Bul birinshiden diyqanshılıq zonalarının` ma`deniyatın jaqsılawg`a jol ashsa ekinshiden mal sharwashılıg`ı ushın jıl sayın turaqlı ot sho`p bazasın du`ziwge mu`mkinshilik tuwdıradı. Bul a`sirese Xojeli rayonının` mashtabında en` keshiktirilmeytug`ın ilajlar qatarına kiredi, sebebi rayon ko`leminde ta`biyıy otlaqlar o`te sheklengen a`sirese onnan alınatug`ın zu`ra`a`ttin` to`men bolıwına baylanıslı suwg`armalı diyxanshılıqta paydalanılatug`ın egislik maydanlardın` esabınan ot sho`plik zapasların tolıqtırıw-barqulla rayon mashtabında en` quramalı ma`selelerden esaplanadı. Usıg`an sa`ykes diyxanshılıq tarawlarının` rawajlanıwına baylanıslı ma`selelerdi esapqa alıw za`ru`r. Paxtashılıqtı rawajlandırıw ha’m Taxtako`pir rayonı ko`leminde u`lken xalıq xojalıq ma`seleleri qatarına kiredi, biraq degen menen tubalawshılıq da`wirinde bul tarawdı rawajlandırıw bir

ta`repleme iske asırıladı. Paxta monopoliyasına sa`ykes diyxanshılıqtın` paydalanatug`ın egislik jerlerdin` strukturasında paxta barqulla joqarı salıstırmalı u`lesti iyeleydi, ha`tteki geypara jıllarda paxta ushın rayonda suwg`armalı dıyxanshılıqta paydalanatug`ın egislik jerlerdin` 64-74% bo`lip shıg`arıladı. Bul egislik jerlerdin` meleorativlik jag`dayın buzılıwın esapqa alg`anda diyxanshılıqtın` basqada qosımsha tarawlardın` u`ziliske ushrawına alıp keledi. Ha`zirgi bul ahwaldan ku`tiw jolları qarastırılmaqta. Diyxanshılıqta almaslap egiw sxemasın saqlaw ha`tteki jerdi o`z iyelerine birotala tapsırıw ha`m arendalıq xojalıqlardı sho`lkemlestiriw jolı menen ta`jriybe toplap bul ma`seleni tezirek sheshiw ilajları qarastırılmaqta.

Rayon ko`leminde paxtashılıq ha`m basqada awıl xojalıq tarawların rawajlandırıw O`zbekstan mashtabında iske asırılıp atırg`an awıl xojalıq o`nimlerin tayarlaw ha`m ma`mleketke satıw bahaların qayta qarap shıg`ıw ha`m onın` bahasın ko`beytiw u`lken siyasiy mısallıq ha`rekettin` baslanıwın, a`sirese awıl xojalıg`ı o`ndirisin rawajlandırıwg`a miynet etken ko`p sanlı hadal miynetkesh adamlardın` qatarının` ko`beyiwine jol ashpaqta. Bul ha`m basqada ilajlar rayon ko`leminde paxtanın` rentaviliginin` 16.2% ke, alıng`an paydanın` ko`lemin 11000 swumg`a jetti. Bul tiykarınan bir tsentner o`nimnin` o`zine tu`setug`ın shıg`ınlardı azaytıw jolı menen iske astı.

Berilgen mag`lwmatlarg`a qarag`anda Taxtako`pir rayonı respublikanın` paxtashılıq penen shug`ıllanatug`ın aymaqları ishinde en` keyingi orınlardı iyeleydi ha`m paxtshılıq tarawlarındag`ı ektentsiv pozitsiyanı tutpaqta. Bug`an rayonnın` awır ekologiyag'a dus bolıwı menen awır tan`kıslıg`ı sheshiwshi faktorg`a aynalmaqta. Sonlıqtan rayonnın` awır situatsiyadan shıg`ıwı ushın, birinshiden diyxanshılıq tın` egislik maydanlarına o`zgerisler kiritiwi kerek bolsa, ekinshiden diyxanshılıqta almaslap egiw tizimine o`tiwi ha`m basqada ta`jiriybeli xojalıqlardag`ıday o`ndiris protsessin jan`asha sho`lkemlestiriwge o`tiwi kerek. Bul innovatsion texnologiyag`a tiykarang`an zaman talabı

esaplanadı. Sonlıqtan paxtashılıq penen shug`ıllanatg`ın xojalıqlarda egislik jerlerdin` strukturasında paxtanın` maydanı 39- 41 protsentten artpawı tiyis, al almaslap egiletug`ın sevooborotlıq eginlerdin` maydanı keskin ko`beytiliwi tiyis. Paxtadan jan`a diyxanshılıq strukturasına o`tiw tek diyhanshılıq ma`deniyatın arttıriw menen sheklenbesten o`nimnin` o`zine tu`ser bahasın arzanlatıwg`ada o`z ta`sirin tiydiriwi sha'rt. Sonlıqtan artıq o`ndirilgen paxta o`nimlerin paxta egiwshi xojalıqlardın` ıqtıyarına o`tkeriw arqalı xoshemetlew printsiplerinde iske asırıw tapsırmalarınan orın alıwı ha`qiyqatlıqqa aylanıwı tiyis. Bul mu'lik iyelerinin` birinshiden alg`a qaray umtılıwshılıg`ın stimullastırsa, ekinshiden ha`m kredit tabıwg`ada tramplin bolıwı ıtımal. Paxtashılıq penen shug`ıllanatug`ın xojalıqlar u`lken do`retiwshilik ku'shke iye, sebebi «aq altın» dun`ya ju`zlik bazardın` diywalın ha`m bekkemleydi, onin` do`retiwshilik pozitsiyası geypara jag'dayda siyasatqada o`z ta`sirin tiygizedi sanlk tarawdı rawajlandırıw mu`lk iyesi ko`z qarası tiykarında emes ,al dun`ya ju`zilik talaptıda qandırıwdı este tutıwı lazım ha`m t.b.

Paxta o`nimi sanaat karxanaların shiyki zat penen ta`miynlewge qatnasadı ha`m onın` mazmunında shaxslar ortasında du'zilgen eki ta`repleme ta`miynat ma`seleside jatır. Sonlıqtan bazar ekonomikası sharayatında du`zilgen sha`rtnama ku'shke iye ekenligin ha`m umıtpastan xojalıqtı alıp barıwda paxtashılıqta sho`lkemlestiriwdin` zamanago'y rıshaglarında paydalanıw kerek shıg`ar. Sonın` menen xojalıqlar ma`mleketlik paxta tayarlaw minnetlemeleri ha`m paxta tayarlawdın` rejelerinede ayrıqsha dıqqat beriwi kerek.

Taxtako`pir rayonı xojalıqlarında paxtashılıq boyınsha keyingi jıllar ishinde awıl xojalıq jumıslarının` tu`siwi ha`m o`ndiris protsessinde «ha`lsiz buwınlar» dın` orın iyelewine sa`ykes Taxtako`pir rayonında tayarlawdın` ko`lemi pa`seymekte. Rentabellikke erisip atırg`an xojalıqlarda ko`p emes. Taxtako`pir rayonı paxtashılıq rayonı xojalıqları boyınsha jaylasıwı to`mendegi 10 tablitsada berilgen.

Taxtako`pir rayonı bul ma`selede ko`p g`ana initsiativalardı ko`teriwi kerek.

Onday do`retiwshilik rayon azamatlarında burınnan qa`lipleskenin xalqımız jaqsı biledi ha`m olardın` do`retiwshilik islerin ardaqlaydı. Ma`selen, ba`rshege ma`lim, 2000-2001 jıllardag`ı ekologiyalıq ko`terilis sharayatında *Taqtako`pirli ataqlı isbilermen To`reaxmet Palmanov* artezian qudıqlarının` suw dereklerinen o`nimli paydalanıw jolı menen-aq Tomarastaw aymag`ında kishi suwg`arıw tizimi tiykarında baqsha, ot-sho`p ha`m t.b. eginlerdi egip sho`lkemlestiriw uqıbın ko`rsetti. Ba`rinende abzallısı, elimizdin` tawsılmas baylıqların qasterley otırıp, qosımsha awıl xojalıg`ı o`nimleri deregin tapsa, al *Seytnazarov S. ha`m t.b. azamatlar rayon ha`kiminin` tikkeley basshılıg`ı* menen Qarateren` suw aydını bazasında paxta egip jıl aqırında 3 mın` tonnadan aslam paxta asılın jıynap suw jetispewshiligi waqtında adamlardı jumıs penen ta`miyinlewge eristi. Bulardın` qiyın ekologiyalıq sharayattag`ı ma`rtligin joqarı bahalap Prezidentimiz jıl juwmag`ında olardın` isshen`ligine alg`ıs aytqan edi. Solay etip, elimiz baylıg`ının` qa`dir-qımbatın qa`sterleytug`ın ha`m biznesti puxtalıq penen iske asırıwdın` ko`zin tapqan azamatlardı ha`zirgi da`wirinin` sheber isbilermenleri ha`m olardan u’lgi alıw ba`rshemizge de nesip etkey desek qatelesken bolmaytug`ın shıg`armız

Berilgen mag`lıwmatlarg`a itibar qaratsaq paxtashılıq rayon xojalıqlarında ju’da aste –aqırın rawajlanbaqta.

Paxta jetistiriw boyınsha birinshi orındı O`zbekstan geroyı basqarg`an xojalıq iyelep, ol rayonda jetilistiretug`ın paxta o`nimi 39% tin tayarlawg`a erisse, 1- May Fermer –diyxan xojalıg`ı bolsa 18.5%tin, al Qara oy 14.2% beredi. Solay etip, usı *u`sh* xojalıq rayonda jetistiretug`ın ulıwma paxta o`niminin` 85.6%tin jetkerip beredi ha`m rayon boyınsha paxtashılıqta paydalanatug`ın egislik maydanlardın` 1705 gektarın usı xojalıqlar o`ndiriliwi gektarınan alınatug`ın zu`ra`a`tin` ko`beyiwi esabınan iske aspaqta. Atı atalg`an xojalıqlarda gektarınan alınatug`ın

paxtanın` zu`ra`a`tligi rayonnın` ortasha zu`ra`a`tligine qarag`anda 10.1 % ke joqarı bolsa, al kolxozlardın` ortasha ko`rsetkishi rayong`a salıstırg`anda parqı ju`da` az. Bul jag`day Taxtako`pir rayonının` ko`pshilik kolxozlarında paxtashılıqtın` rayonnan ortasha ko`rsetkishine qarag`anda anag`urlım to`men rawajlang`anlıg`ın ko`rsetedi. Rayonda en` joqarı paxta o`nimin jetistiretug`ın xojalıqqa Maqpal ko`l 21,2 tsentnerden (ge) ha`m Qara oy 25,1 tsentner (ge) fermer xojalıqları kiredi. Rayonnın` Usman Yusupov atındag`ı xojalıq 22 tsentnerden al Taxtako`pir fermer xojalıg`ı 17, 3 tsentnerden paxta o`nimin jetistiredi.

Rayonnın` qalg`an 4 xojalıg`ı gektarınan 15,9 tsentnerden 17.3 tsentnerge deyin zu`ra`a`t aladı, rayonda a`sirese Bo`rshi taw 1-May xojalıqlarında ju`da az zu`ra`a`tin jetistirmekte. Olar rayon kolxozları boyınsha ortasha 12-13.7 tsentner paxta zu`ra`a`tin o`ndirmekte. Taxtako`pir rayonı boyınsha 1993-jıldan baslap 119 gektar jerge joqarı o`nim beretug`ın 47-27 sortındag`ı paxta egilip ol rayon boyınsha paxtanın` egislik maydanının` 15.6% tin tutıp, qalg`an 2806 gektar jerge paxtanın` «Qaraqalpaqstan» sortları egildi.

Joqarıda aytılg`anınday Taxtako`pir rayonının` paxtashılıq komplekisinde almasıp egiw sisteması boyınsha paxtashılıqta basqada dıyqanshılıq tarawları qatnasadı. Bul tarawlarg`a azıq-awqat o`nimlerin jetistiretug`ın g`a`lleshilik, maylı eginler, ovosh, mal sharwashılıg`ı ushın ot- sho`plik eginler, qus o`siriwshilik tarawları ha`m basqada o`nimler jetilistirip beriwshi tarawlar kiredi. Rayonnın` ja`ne bir a`hmiyetli tarawı bag`shılıq bolıp, ol rayon xalqın miywe o`nimleri menen ta`min etiwge qaratılg`an. Sonın` menen birge diyxanshılıqtın` ayrıs tarawlarınan jetistirilgen o`nimler Respublika masshtabındag`ı sanaat karxanaları ushın shiyki zat resusları retinde-de paydalanılmaqta.

## 2.2. Rayonda awil-xojalig'inin' basqada tarawlarinin' qa'liplesiwi ha'm rawajlaniwi

Rayon boyınsha paxtashılıq penen bir qatarda ***g`a`lleshilik*** te rawajlandırıwg`a ayrıqsha itibar berilmekte. 1991-jıldan baslap O`zbekstan Respublikası o`z g`a`rezsizligine iye bolıwı menen g`a`lle o`nimlerine degen talapları Respublikanın` diyqanshılıq tarawlarında paydalanılmay atırg`an rezervlerdi iske qosılıw arqalı ta`miynlenetug`ın boldı ha`m g`a`lle mashqalasın sheshiwdi ma`mleketlik masshtabdag`ı baslı wazıypa retinde jariyalanadı, ha`tteki egislik maydanlardın` strukturasında paxta ushın ajratılg`an maydanlardın` bir bo`limi almaslap egiw sxeması tizimi arqalı g`a`llenin` egislik maydanı ushın ajıratıla basladı.

Bunnan basqa sheklengen jer resurslarına iye Qashqadar`ya, Surxandar`ya ha`m Samarqand oblastları territoriyalarında diyxanshılıq, ha`m a'sirese paxtashılıqtın` egislik maydanların ken`eytiwge baylanıslı bul aymaqlardan mallardın` bas sanının` bir bo`lmin Qaraqalpaqstan Respublikası territoriyasına o`tkeriliwi mumkin. Bunnan basqa Qaraqalpaqstan aymaqlarında o`ndiris tarawların intensivli rawjlanıw formasına o`tkeriwge baylanıslı arqa rayonlardın`, ha`m a'sirese Taxtako`pir rayonı aymag`ında g`alleshilik ha`m ot- sho`plik eginlerdin` egislik maydanın ko`beytiwge baylanıslı tazadan jer o`zlestiriw ma`seleleri qolg`a alınatug`ın boladı. Usıg`an sa`ykes Taxtako`pir rayonının` xojalıqlarında da maylı eginlerdin` maydanı ko`beytiledi, sanday-aq biyday, salı da`n ushın ma`kke, ju`weri eginlerinin` egislik maydanı ha`m ot-sho`plik ja'ne almaslap egiletug`ın eginlerdin` maydanın ko`beytiw ma`seleleri qarastırılmaqta.

Taxtako`pir rayonının' xojalıqlarında da`nli daqıllardın` egislik maydanı 12300 gekter jerdi iyelese, al 2010-jılg`a kele bul maqsetler ushın ajıratılg`an egislik maydanlar 8157 gektar shamasında g`ana boldı. Bul 1970-jılg`a salıstırg`anda 33,7 protsent az degen so`z.

Biraq g`a`lleshilikti rawajlandırıw ushın rayon xojalıqlarında mu`mkinshilik bolsada, sho`lkemlestiriw jumısları to`men bolg`anlıqtan g`alleshilikti

rawajlandırıw ju`da` to`men da`rejede jolg`a qoyılg`an. Ele bul taraw ushın bo`lingen egislik maydanlar ko`lemi az ha`m gektarınan alınatug`ın zu`ra`a`ti ju`da` to`men. Usıg`an baylanıslı 2012-jılı reje boyınsha joqarı talaplar qoyılmaqta. Usı planda ko`rsetilgen g`a`llenin` 4367 tonnası o`ndirilmey qaldı yaki g`a`lle tayarlaw planı rayon boyınsha 61,0% ke orınlandı. Ha`r gektar egislik zu`ra`a`t jıynap alıp bul planda ko`rsetilgen 24.6 tsentner ornına 17,7 tsentner zu`ra`a`t jıynalıp bul plandag`ı ko`rsetkishten 6.9 tsentnerge to`men boldı. G`a`lle jetistiriw boyınsha en` to`men awhal Qara oy, Mu`lk, Taxtako`pir fermer xojalıqlarında orın aldı. Mısalı. Taxtako`pirde planında ko`rsetilgen 15150 tonna g`a`lle ornına 11120 tonna g`a`lle jetistirip jıllıq planının` 265% ke pa’seydi. G`a`llenin` zu`ra`a`tligin usı kolxozda gektarına barlıg`ı bolıp 10.1 tsentnerdi quraydı, Usman Yusupov atındag`ı xojalıqta zu`ra`a`tlik bunnan to`men yaki 9.5 tsentner shamasında boldı. Bul ha`m basqa kemshilikler rayon xojalıqları aldına ja`nede talaplardı, a`sirese g`a`llenin` zu`ra`a`tliligin artırıw ha`m usı tarawg`a aylanıwın talap etedi.

Rayonnın` ko`lemi jer suw resursları bazasında ovosh o`siriw, bag`shılıq ha`m ju`zimgershilik tarawların rawajlandırıw ma`seleside ele tolıq sheshilmey kiyatır. Mısalı 1993-jılı rayon ko`leminde barlıg`ı bolıp 4483 tonna ovosh, 6673 tonna baqsha o`nimleri tayarlang`an o`nim baqsha jetistiriw planı rayon boyınsha tek 60% ti orınlaydı. Qo`n`ıratko`lde bul ko`rsetkish 12.9% orınlang`an, al usı xojalıqta baqsha o`nimlerinin` gektarına zu`ra`a`tligi 15.7 tsentnerden artpaydı. Rayon ko`leminde ovosh ha`m baqsha jetistiriwge ayrıqsha itibar beriw kerek. Sebebi bul taraw paxtashılıq ko`lemine kiredi ha`m xojalıqlardın` ekonomikalıq potentsialın bekkemlewge u`lken rezervlerdi du`ziwi tiyis. Biraq keyingi jıllarda hawa rayının` qolaysızlıg`ına ha`m ovosh ha`m baqsha o`ndiriwde agrotexnikalıq qa`delerdin` buzılıwına sa`ykes bul taraw en` o`nimdarsız ha`m mashaqatlı tarawlarg`a aylanbaqta. Sonlıqtan bul kemshiliklerdi tezden saplastırıwg`a ha`m

rayon ko`lemindegi qolaylı vegetatsionlıq da`wirdi ovosh baqsha o`nimlerin ko`plep jetistiriw ushın ratsionallı paydalanıwg`a o`tiw za`ru`r boladı.

Rayonnın` suwg`armalı jerleri diyxanshılıq kompleksinde mal sharwashılıg`ı ushın ot-sho`p daqılların rawajlandırıw u`lken a`hmiyetke iye. Sebebi rayon boyınsha o`nim beretug`ın iri qara mallardın` bas sanı 24,4 mın` bastı sıyırlardın` bas sanı 15,0 mın` bastı, qoy ha`m eshkilerdin` sanı 10,3 min` bastı, al

jılqılardın` bas sanı 2181 bastı quradı.

Sonlıqtan mal sharwashılıg`ı tarawlarının` rawajlandırıw problemaların sheshiw a`sirese go’sh ha`m suw o`nimlerin jeistiretug`ın sharwashılıq tarawların keskin rawajlandırıwg`a o`tiw en` keshiktirilmeytug’ın ma`seleler qatarına kiredi. Ha`zir rayonnın` jer fondının` strukturasında 22 mın` gektarday jaylawlar ha`m shalg`ınlardın` maydanı jaylasqan, ha`m rayon ko`lemin de jıl sayın 2788 gektar jerge ha`r qıylı ot-sho`plik (jon`ıshqa, ma`kke, ju`weri, bir jıllıq ot-sho`plik eginler ha`m tag`ı basqa) eginler egiledi. Bul rayon ko`leminde 40.1 mın` tonna ot-sho`p, semaj, silos, pishen ha`m tag`ı basqada o`t-sho`p tayarlawg`a mu`mkinshilik bermekte. Tayarlag`an ot-sho`ptin` 50% silos basıwg`a 25,0% i ta`biyiy ot-sho`plik kontsentratsiyalardın` 16% in pishen 4.5% ni mal ushın egilgen la`blebi ha`m tu`rpiden tayarlang`an otlarg`a tuwra keledi. Bunnan basqa ha`r jıl sayın rayon ko`leminde egip alıng`an ma`kke da`ni ha`m tasıp kelingen. Ot-sho`plik o`nimlerdin` esabınan 5800 tonnadan aslam ot-jem berilgende ot-sho`pler tayarlanadı.

Eger usının` 540 tonnasın Qızıl qum jaylawlarının` ta`biyiy otlaqları tutsa, 38%in ha`r qıylı ta`biyiy otlar, al 9% in silos iyeleydi. Bul ha`m tag`ı basqada ilajlar rayon xojalıqlarında mal sharwashılıg`ı xojalıqların du`ziwge ja`ne xojalıq ara mal semirtip bag`atug`ın xojalıqların bazalardı sho`lkemlestiriwge jol ashpaqta. Bul jıl sayın rayon ko`leminde tiriley salmaqta 1289 tonna go`sh, 4803 tonnadan aslam su`t, 15 tonnag`a jaqın ju`n, 3190 mın’ dana ma`yek jetistiriwge mu`mkinshilik tuwdırmaqta.

Aldag`ı perspektivada rayon xojalıqlarında mal sharwashılıg`ın o`nimilerin ko`beytiw ushın Qara oy,  Atako`l, Qon`ırat awıl, Beltaw , Qara teren` ha`m Jan`a darya  xojalıqları aymaqlarında  jaylasqan 7,7 mln gektardan, ele awıl xojalıg`ına aylanıs qosılmag`an jaylawlardı o`zlestiriwge ja`ne usı zonanı suwlandırıw kerek.

# III. BAP.EKOLOLGİYALIQ DAG`DARIS ShARAYATINDA TAXTAKO`PİR RAYONININ` SOTS İAL- EKONOMİKALIQ RAWAJLANIWININ`  BASLI  BAG`DARLARI

## 3.1. Taxtako`pir rayonında keleshekte o`ndiriwshi ku'shlerdi rawajlandırıwdın` baslı bag`darları

Ha`zirgi bazar ekonomikasına o`tiw da`wirinde Qaraqalpaqstan rayonlarının` ekonomikalıq rawajlanıwın analizlew ha`m onın` keleshektegi rawajlanıw bag`darın boljaw en` a`hmiyetli ma`sele bolıp atır. Sebebi Taxtako`pir rayonının` sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıwın prognozlaw bul ayrıqsha juwapkerli ha`m quramalı ma`selelerdi, ja`ne wazıypalardı sheshiwdi alg`a qoyadı. Ha`zirgi waqıtta rayonnın` aldında ko`plegen qıyınshılıqlar payda bolmaqta. Atap aytqanda, birinshiden awıl-xojalıq o`nimlerin jetistiriw a`ste o`spekte, ha`tteki to`men xojalıqlar da bar. Ekinshiden, awıl-xojalıg`ın texnika, usaq bo`lekler, to`gin menen ta`miyinlew jıldan-jılg`a pa`seyip baratır. U`shinshiden, xalıqtın` turmıs jag`dayların jaqsılaw ha`m ayırım sotsiallıq a`hmiyetke iye ma`selelerdi sheshiwde de «ha`lsiz buwınlar» ushıraydı. Bulardın` barlıg`ı Qanlıko`l rayonının` sotsiallıq-ekonomikalıq jag`dayların aytarlıqtay pa`seytti. Sonlıqtan bul qıyınshılıqlardan qutılıw ushın rayon aymag`ında ishki rezervlerdi ha`r ta`repleme ekonomikalıq jaqtan analizlew ha`zirgi ku`nnin` baslı wazıypası bolıp otır. Bul o`z gezeginde rayonnın` sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıwın boljawda to`mendegi baslı o`zgesheliklerdi esapqa alıwdı talap etedi. *Birinshiden*, xalıq sanının` o`siwi ha`m miynet resurslarının` ko`beyiwi, qosımsha azıq-awqatqa bolg`an talaptı ha`m jumıs

ornına, sotsiallıq turmıs orınlarına ha`m turaq jay ma`selelerin sheshiwge baylanıslı jan`asha talaplardı keltirip shıg`armaqta. *Ekinshiden,* bizin` sha`rayatımızda rayonlardın` barlıq ekonomikalıq deregi, a`sirese awıl-xojalıg`ı suwg`armalı diyxanshılıqqa tiykarlang`an. Sonlıqtan bul tarawdın` keleshekte rawajlanıwın ta`miyinlew kompleks ilajlarg`a, a`sirese suw problemasın sheshiw jolı menen iske asırıladı.

*U`shinshiden,* ko`lemli jer fondın esapqa ala otırıp, onnan awıl-xojalıg`ında na`tiyjeli paydalanıwdı na`zerde tutıw kerek;

*To`rtinshiden,* ta`biyıy-klimat sha`rayatların ha`r ta`repleme analizley otırıp, onın` awıl-xojalıq daqıllarının` o`sip rawajlanıwına ha`m zu`ra`a`tliligine ta`sirin esapqa alıw kerek;

*Besinshiden,* xojalıqtın` sırtqı ekonomikalıq qarım-qatnasıqların sheshiwde transport baylanısların ha`m otın-shiyki zat resursları menen ta`miyinlew da`rejesin de esapqa alıw ju`da` a`hmiyetli ma`selelerden esaplanadı.

Biz Taxtako`pir rayonında aldag`ı jıllarda xalıq xojalıg`ı tarawlarının` rawajlanıwın prognozlawda joqarıdag`ı o`zgesheliklerdi esapqa ala otırıp, rayonının` suwg`armalı diyxanshılıqqa, a`sirese g`a`lleshilikke qa`nigelesken xojalıqlardan turatug`ının ha`m qolaylı transport ekonomikalıq baylanıs tarawında, yaki No`kis-Qon`ırat-Beynew temir jolı arqalı Evropag`a shıg`ar qaqpag`a jaylasqanlıg`ın esapqa aldıq. Rayonnın` sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı, onın` ta`biyiy-ekonomikalıq resurlarınan ratsionallı paydalanıwg`a tikkeley baylanıslı Taxtako`pir rayonı jaylasqan territoriya keskin kontinental klimat tipine sa`ykes keledi. Jawın-shashınnın` ulıwma mug`darı 100-110 mm.ge barabar. Temperaturanın` ortasha jıllıq terbelisi $32^0$ a`tirapında bolıp, iyul ayının` temperaturası $25^0$, al yanvar ayının` ortasha temperaturası $-5^0$-$7^0$ qa ten`.

Vegetatsiyalıq da`wirdegi qolaylı temperaturalardın` jıyındısı 2970-3290 gradusqa ten` bolıp, ıssılıqtı su`yetug`ın awıl-xojalıg`ı eginleri – g`a`lle, ovosh ha`m palız o`siriwge ha`m zu`ra`a`t jıynap alıwg`a mu`mkinshilik beredi. Biraq

suw resurslarının` jetispewshiligin esapqa alıp, salının` egislik maydanın ko`beytpey, onnan alınatug`ın zu`ra`a`tlilikti arttırıw arqalı o`nimdi ko`beytiwdi na`zerde tutıwımız kerek. Usının` menen bir qatarda suwdı az talap etetug`ın awıl-xojalıg`ı tarawların, a`sirese ovosh ha`m palız daqılların, ot-sho`plik eginlerdin`, sonday-aq g`a`llenin` egislik maydanın ken`eytiwge barınsha itibar beriw kerek. Bul birinshiden suw mashqalalarına baylanıslı qıyınshılıqlardı sheshiwge jol ashsha, ekinshiden xalıqtın` azıq-awqat o`nimlerine bolg`an talabın qanaatlandırıwg`a ha`m mal sharwashılıg`ı tarawların ot-jem menen ta`miyinlewdi jaqsılawg`a mu`mkinshilik beredi.

Rayon territoriyası tiykarınan da`rya jatqızıqlarınan payda bolg`an allyuvial topıraqtan du`zilgen. Topıraq tipi boyınsha otlaqlı topıraq, otlaqlı-batpaqlı topıraq, otlaqlı-taqırlı ha`m taqırlı topıraq bolıp bo`linedi. Rayong`a bekitilgen jer fondının` ko`pshilik bo`limi da`ryanın` deltasında jaylasqan tog`aylıqlar ha`m pishenzarlıqlardan turadı. Bul mal sharwashılıg`ı ushın ta`biyiy jaylaw deregin quraydı.

Taxtako`pir rayonı jaylasqan aymaq A`miwda`r`ya deltasındag`ı burıng`ı suw alıp jatırg`an ko`l ultanlarınan ha`m suw almalardan esaplanıp, jer astı suwları jer betine jaqın jaylasqan. Sonlıqtan, rayon territorisındag`ı jan`adan o`zlestirilgen xojalıqlarda awıl-xojalıg`ında paydalanıwg`a jaramlı egislik jerlerdi paydalanıw kollektor-drenaj sisteması menen ta`miyinlewge tikkeley baylanıslı. Bunnan basqa bul jan`adan o`zlestirilgen xojalıqlar texnika, mineral to`gin ha`m ma`mleketlik investitsiya qarjıların da ko`plep talap etedi.

Taxtako`pir rayonı awıl-xojalıg`ına jaramlı 44,4 mın` gektarday jer fondına iye. Usının` 31,9 mın` gektarı ha`zirgi ku`nde paydalanılıp atırg`an awıl-xojalıq jerlerinen esaplanadı. Bul barlıq rayong`a bekitilgen jer fondının` 43,8%-in quraydı. Demek, xojalıqlarda ele o`zlestiriw ushın jaramlı ko`p jer fondı bar degen so`z. Sonlıqtan tın` ha`m partaw jerlerdin` esabınan awıl-xojalıg`ında paydalanatug`ın egislik jerlerdin` ko`lemin ken`eytiw tiykarg`ı wazıypalar qatarına

kiredi. Bul ma`selenin` sheshiliwi paydalanıp atırg`an egislik jerlerdin` esabınan almaslap egiw ushın ko`plep egislik maydanlardı ajıratıwg`a ha`m mal sharwashılıg`ı ushın ot-sho`plik eginlerge ajıratılatug`ın egislik jerlerdin` maydanın ken`eytiwge mu`mkinshilik tuwdırar edi. Na`tiyjede rayon boyınsha mal sharwashılıg`ının` bekkem ot-jem bazasın du`ziwge ha`m mal sharwashılıg`ın rayonnın` rentabelli tarawlarına aylandırıwg`a jol ashıladı. Rayonda ayirım jıllar ishinde awıl sharwashılıg`indag`ı o`ndirilgen o`nimnin` tu`rleri ja`ne ko`lemi boyınsha mag`liwmatlardı to`mendegi kestedende ko`riw mu`mkin.

Rayon sharayatında awıl-xojalıg`ı o`ndirisin rawajlandırıw ushın miynet resursları menen ta`miyinlew da`rejesi aytarlıqtay joqarı. Rayonda 2012-jılg`ı mag`lıwmat boyınsha 38, 6 mın` adam jasaydı. Usının` 55%-ten aslamı xalıq xojalıq tarawlarında islewge jaramlı adamlardan ibarat.

Rayonda islewshi ha`r bir adamg`a ortasha 1,5-2 ga.dan aslam egislik maydan tuwra keledi. Eger, xalıq xojalıg`ının` basqa tarawların, a`sirese sotsiallıq tarawlardı rawajlandırıw ma`selesin gezektegi bas wazıypa retinde qarasaq, onda ha`zirgi iske qosılmay atırg`an miynet resurslarınan ken`nen paydalanıwg`a jol ashılar edi. Rayonda xalıq xojalıg`ın bunnan da bılay rawajlandırıw ushın ta`biyiy ha`m ekonomikalıq potentsialdın` mug`darı aytarlıqtay jetkilikli. Sonlıqtan ha`zirgi paydalanılmay atırgan ta`biyiy ha`m ekonomikalıq resurslardan ratsionallı paydalanıwdın` sxemasın du`ziw ha`m rayonnın` No`kis-Qon'ırat-Beynew temir jol liniyasına jaqın jaylasıwın esapqa ala tırıp, onın` o`ndiriwshi ku`shlerinin` rawajlanıw perspektivasın boljaw «rayon ko`leminde o`ndirilgen o`nimlerdi sırtqa shıg`arıwg `a da ha`m
ku`ndelikli qa`jetli o`nimlerdi sırttan tasıp alıp keliwde temir jol liniyasınan paydalanıw mu`mkinshilikleri de joqarı. Orta Aziya-Oray gaz qubırı Taxtako`pir rayonın jaqın o`tip tur. Bul rayonnın` ekonomikalıq ha`m sotsiallıq rawajlanıwın tezletiwge ta`sir etetug`ın baslı faktorlar katarına kiredi.

Ha`zirgi waqıtta qurılıs materiallarının` jetispewshiligi barlıq rayon ko`leminde ko`p qıyınshılıqlardı payda etip otır. Sonlıqtan, rayon ko`leminde salı sababınan faner ha`m tag`ı basqa da o`ndiris o`nimlerin islep shıg`aratug`ın sanaat tarawları sho`lkemlestirilse, xojalıqlardın` qurılıs materiallarına degen talabın sheshiwge ha`m waqıtsha jumıssız otırg`an adamlardı jumıs penen ta`miyinlewge mu`mkinshilik jasalar edi. Bul ta`jiriybeni Qaraqalpaqstannın` basqa da rayonlarında da paydalansa da shep bolmaydı. Sebebi, rayon tiykarınan g`a`lleshilikke, a`sirese salıgershilikke qa`niygelesken, qurılıs materialların islep shıg`aratug`ın o`ndiris tarawlarının` filialların du`ziwge mu`mkinshilikler bar. Usıg`an baylanıslı rayon territoriyasınan qurılıs materialların islewshi kishi ka`rxanalar du`zilse, qosımsha jumıs ornı ashıladı ha`m xalıqtın` qurılıs materiallarına bolg`an talabı sheshiledi.

Rayonnın` sotsiallıq-ekonomikalıq jaqtan rawajlanıwın jaqsılawda ishki mu`mkinshiliklerdi esapqa alıp, ha`r qıylı bag`dardag`ı kishi ka`rxanalar du`ziwdi sho`lkemlestiriw kerek. Awıl-xojalıg`ında fermer xojalıqların rawajlandırıwg`a u`lken mu`mkinshilikler jaratıw za`ru`r. Sebebi, bul birinshiden awıl-xojalıq o`ndirisin sho`lkemlestiriw ma`selesin sheshiwge, usı tiykarda diyxanshılıq ha`m mal sharwashılıq o`nimlerin ko`beytiwge ta`sir jasaydı. Ekinshiden, xalıqtı jumıs penen ta`miyinleniwge ha`m sotsiallıq turmıs da`rejesin jaqsılawg`a u`lken mu`mkinshilik tuwg`ızadı.

Ha`zirgi suw resurslarının` jetispewshiligine sa`ykes sezilip atırg`an ekologiyalıq dag`darıs jag`dayında Taxtako`pir rayonının` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwının` keleshegi qalay boladı?–degen soraw ha`mmeni oylandırmaqta. Sebebi, bul ma`sele barlıq Aral boyı xalıqları ushın qıyın ma`sele bolıp tur. Usıg`an sa`ykes ha`zirgi ku`nnin` en` baslı wazıypası – bul suw resursların u`nemli ha`m aqılg`a muwapıq paydalanıw bolıp tabıladı. Bul ushın suwg`arıw sistemaların rekonstruktsiyalaw, atap aytqanda vertikal ha`m gorizontal drenajlardan durıs

paydalanıw, jerlerdi suwg`arıwda progressivlik metodlardan paydlanıw h.t.b. ila`jlardı a`melge asırıw kerek.

Solay etip, Taxtako`pir rayonının` ta`biyiy resurs potentsialın ha`m ekonomikalıq rezervlerin qısqasha analizlew aldag`ı perspektivada rayonnın` sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı ushın elede paydalanılmay atırg`an ken` mu`mkinshiliklerdin` bar ekenligi ko`rinip otır. Aldag`ı perspektivada rayon aymag`ında xalıq xojalıg`ın rawajlandırıw ba`rinen de burın sotsiallıq bag`dardag`ı kompleks ma`selelerdi iske asırıw jolı menen sheshiledi. Usıg`an sa`ykes xalıqqa usaqlap xızmet ko`rsetetug`ın tarawlardı, den-sawlıq, bilimlendiriw, turaq jay qurılısı, fizikalıq ta`rbiya, sawda ha`m ja`miyetlik awqatlanıw ha`m tag`ı basqa da tarawlardın` jumısların jaqsılaw boyınsha u`lken ko`lemdegi jumıslar iske asırıladı.

Rayon aymag`ında jan`a milliy da`stu`r qa`delerine sa`ykes jan`a mektepler, akademiyalıq litseyler ha`m ka`sip-texnikalıq kolledjlerdin` jumısları jaqsılanadı ha`m jan`a oqıw orayları menen ta`miyinlenetug`ın boladı. Awıllıq jerlerde meditsinalıq jaqtan xızmet ko`rsetiw ha`m xalıqtı jumıs penen ta`miyinlew maqsetinde vrashlıq-ambulatoriyalıq funktler, aptekalar, medpunktler ha`m awıllıq emlewxanalar, sonday-aq sawda orayları ha`m xalıqqa usaqlap to`lemli xızmet ko`rsetetug`ın orınlar ken`eytiledi. Xalıqtın`, a`sirese awıllıq jerlerde jasaytug`ın adamlardın` sotsiallıq jaqtan mu`ta`jliklerin o`tew maqsetinde dem
alıw orayları, stadionlar, kinoteatr ha`m biblioteka setleri ko`beytiledi, ja`ne to`lemli jumıslardın` jan`a tu`rleri sho`lkemlestiriledi.

O`zbekstan Respublikası boyınsha awıldı abadanlastırıw ha`m rawajlandırıw programmasına sa`ykes Taxtako`pir rayonı masshtabında awıl jaslarına jan`a milliy da`stu`r tiykarında bilim beretug`ın zamanago`y ka`sip-texnikalıq kolledjler, akademiyalıq litseyler ha`m ulıwma bilim beretug`ın orta mektep binaları boy tikleydi. Bul ha`m tag`ı basqa da sotsiallıq tarawlardag`ı alg`a qoyıp otırg`an ko`lemli wazıypalardın` orınlanıwı rayon aymag’ında ekonomikalıq tarawlarda jan`a sheklerdi qolg`a kirgiziwge stimul jasawı mu`mkin. Usıg`an sa`ykes rayon

xalqı 2015-jıllarg`a kele 53 mın` adamg`a, yaki ha`zirgige qarag`anda 23%-ke ko`beyedi, al jumısqa jaramlı jastag`ı adamlardın` sanı 29,4 mın` adamg`a, yaki 26%-ke artıwı ku`tiledi. Bul diyxanshılıq tarawlarında jobalastırılg`an jumıs operatsiyaların orınlawg`a jol ashadı. Na`tiyjede 2015-jılg`a kele rayon boyınsha egislik maydan 33,6 mın` gektardı qurawı mu`mkin. Usının` 1446 gektarı tazadan o`zlestirilgen partaw jerlerdin` esabınan ko`beyedi.

Solay etip, 2015-jıllarg`a kele rayon aymag`ında paxta jetistiriw 7-9 mın` tonnag`a, al ha`r bir gektar egislik jerden alınatug`ın zu`ra`a`tlilik 21-23 tsentnerge joqarıladı. Aldag`ı perspektivada g`a`llenin` egislik maydanı 20,4 mın` gektarg`a ko`beytilip, ha`r bir gektar jerden alınatug`ın zu`ra`a`tlilik 30 ts/ga jag`dayında, jılına 64,8 mın` tonna g`a`lle o`nimi jıynap alınadı.

Mal sharwashılıg`ı tarawlarında da u`lken o`zgerisler iske asadı. 2015-jılg`a kele rayon aymag`ında mal sharwashılıg`ın rawajlandırıw boyınsha toplang`an ta`jiriybeler ha`m ayırım xojalıqlarda iske asırılıp atırg`an ila`jlardın` tabıslı sheshiliwi jıllıq go`sh tayarlawdı 1860 tonnag`a, o`nimlerin jetistiriwdi 5960 tonnag`a ko`beytiwge jol ashadı. Bul ha`m tag`ı basqada mal sharwashılıg`ı tarawlarında iske asırılatug`ın ko`lemli jumıslar na`tiyjesinde selektsiya ha`m zooveterinariyalıq tarawlarda jobalardın` orınlanıwına mu`mkinshilik beredi. Usıg`an sa`ykes aldag`ı perspektivada mallardın` bas sanın ko`beytiw menen bir qatarda bekkem ot-sho`p bazasın du`ziw boyınsha da ko`lemli jumıslar iske asırıladı. Bul 2015-jılg`a kele qara mallardın` bas sanın 25,4 mın`g`a, al usınnan sawın sıyırlardı 8,9 mın` basqa ko`beytiw jolı menen iske asırıladı. Ko`rsetilgen jıllar ishinde qoy ha`m eshkilerdin` bas sanı 25-27 mın` basqa ko`beyedi. Sanaat ha`m transport tarawlarında sanlıq ha`m sapalıq o`zgerisler qolg`a kirgiziledi.

Rayon ko`leminde sanaat tarawlarında islep shıg`arılg`an o`nimler 1,9 mlrd 2,8 mlrd.. sumg`a artadı. Solay etip, rayon aymag`ında keleshekte o`ndiriwshi ku`shlerdi tez pa`t penen rawajlandırıw arqalı sotsiallıq tarawlardag`ı iske

asırılatug`ın jobalar tezlestiriledi ha`m awıl xalqın jumıs penen ta`miyinlewdi jaqsılawg`a real mu`mkinshilikler du’ziledi.

### 3.2. Taxtako`pir rayonında sotsiallıq infrastrukturalardın` qa`liplesiwi ha`m onın` rayonda sotsial-ekonomikalıq tarawlardın` rawajlanıwına ta`siri

Taxtako`pir rayonı aymag`ında xalıqqa turmıs jag`ınan xızmet ko`rsetetug`ın tarawlardı rawajlandırıw u`lken a`hmiyetke iye. Bul taraw o`z ishine bilimlendiriw, den-sawlıqtı saqlaw, turar-jay, sawda, awqatlanıw, kiyim tigiw tsexları, shashta`rezxanalar, suwretxana, kinoteatlar, emlewxanalar, muzey ha`m teatrlar, baniya, kompyuterxanalar, diskoteka orayları ha`m tag`ı basqada tarawlardı

biriktiredi.

Xalıqqa turmıs jag`ınan xızmet ko`rsetetug`ın tarawlarda, materiallıq o`ndiris tarawlarınday ja`miyettin` rawajlanıwına tikkeley ha`m janapay ta`sir etedi. Biraq bul tarawda qung`a iye o`nim tayarlanbag`anlıqtan onın` bas funktsiyası xalıq ushın xızmet ko`rsetiw yamasa tutınıwshılıq funktsiyasın iyeleytug`ın xızmet tu`rlerin ko`rsetiw menen ba`nt ha`m usı funktsiyası arqalı olar o`ndiris tarawlarının` sanlıq ha`m sapalıq jaqtan rawajlanıwına tikkeley ta`sir jasaydı. Bul ha`reketler ba`rinende burın adamlar (ilimpazlar) oylap tapqan ilimiy jan`alıqlar, sonday-aq jan`a texnologiyalar arqalı o`ndiriske engiziledi ha`m ja`miyettin` rawajlanıwının`, sonday-aq eldin` sotsial-ekonomikalıq jaqtan alg`a ilgerlewinde sheshiwshi faktorg`a aynaladı ha`m t.b.

Materiallıq o`ndiris tarawlarına kirmeytug`ın sferalarg`a turar jay, usaqlap ju`rgiziletug`ın sawda, pullı xızmet ko`rsetiw, ma`deniyat tarawları, sport ha`m ilimiy-izertlew, ta`jiriybe sınaw stantsiyaları, sonday-aq konstruktsiyalıq-texnologiyalıq oraylar, ja`ne t.b. ko`p sanlı mekemeler kiredi. Bul tarawlar bir-birine funktsiyası boyınsha jaqın bolsada o`ndirislik du`zilisi ja`ne iske asıratug’ın xızmet tu`rleri boyınsha parıq qıladı. Bulardın` ba`ri birigip ja`miyettin` rawajlanıwına, a`sirese o`ndiriwshi ku`shlerdin` rawajlanıw pa`ti boyınsha elede keyinirekte qalıp kiyatırg`an awıllıq elatlı punktlerdin` ma`deniyatın ko`teriw,

sonday-aq awıl xalqın jumıs ornı menen ta`miyinlewde u`lken sotsiallıq a`hmiyetke iye. Bul ha`m tag`ı basqada ulıwma xalıq a`hmiyetke ma`selelerden turar-jay mashqalasın sheshiw ku`n ta`rtibindegi a`hmiyetli sotsiallıq ma`selelerden esaplanıp, bulardı ku`n ta`rtibine qoyıw ha`m orınlaw ushın to`mendegilerge itibar beriw, birinshiden xalıqqa xızmet ko`rsetiwdin` tu`rlerin ko`beytiw ha`m sıpatın jaqsılaw; ekinshiden alda turg`an sotsiallıq a`hmiyetke iye ma`selelerdi, a`sirese xalıqqa ko`rsetetug`ın ulıwma xızmettin` tu`rlerin ko`beytiw ha`m sapasın jaqsılaw ushın qa`nigeli kadrlar tayarlawdı jaqsılaw; u`shinshiden o`ndiris protsessine avtomatlasqan ha`m yarım avtomatlasqan, texnolgiyalardı o`ndiris protsessine ken`nen engiziw arqalı xalıqqa ko`rsetiletug`ın xızmettin` sapasın jaqsılawg`a erisiw ha`m t.b. Ha`zirgi ku`nnin` aktual ma`seleleri qatarına kiredi. Mine usı ko`z-qaraslar menen Taxtako`pir rayonı aymag`ında xalıqqa turmıslıq ishinen den-sawlıqtı saqlaw, bilimlendiriw, sawda, sport ha`m ko`rkem-o`ner tarawların rawajlandırıw da`rha’l ko`zge taslanadı ha`m bul ko`rsetilgen tarawlardı rawajlandırıw boyınsha g`a`rezsizlik jıllarında ko`lemli jumıslar iske asırılmaqta.

Rayon aymag`ında xalıqqa usaqlap sawda xızmetin ko`rsetiw rawajlanbaqta. Eger, 2005-jıllarda rayon aymag’ında jıllıq sawda saatlıq jumıslarının` ko`lemi 451 mln. swm ko`leminde bolsa, bul ko`rsetkish 2012-jılda 28 mlrd 179 mln suwmg`a ko`beydi. Rayon boyinsha ayrim jillar ishinde ha’m keleshekte awil-xojaliq o’nimlerin jetistiriw boyinsha mag’liwmatlardi №7 kestedende ko’riwge boladi (keste-№7).

**Keste-№7**

**Қарақалпақстан Республикасы Тахтакөпир районы бойынша айрым жыллар ишинде халық хожалық өнимлерин жетистириўдиң баслы көрсеткишлери**

| | | | 2000 | 2005 | 2006 | 2008 | 2009 | 2010 | 2012 | 2015 | 2000 | 2010 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Санаат өнимлерин өндириў** | **млн. сўм** | **157,8** | **324,8** | **347,2** | **342,7** | **715,7** | **820,3** | **912,8** | **2409,0** | **15,2** | **2,9е** |

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | **Аўыл өнимлери млн. сўм** | **млн. сўм** | **150,0** | **193,0** | **133,4** | **123,5** | **151,9** | **12700,0** | **28410,0** | **30142,0** | **45,2** | **2,4е** |
| 3 | **А/х өним.и:<br>ғәлле<br>картошка<br>овощ<br><br>ғәлле<br>картошка<br>овощ** | **мың<br>тонна<br>тонна<br>тонна<br><br>ц/га<br>-//-<br>-//-** | **5,4<br>…<br>102<br><br>17,2<br>…<br>33,9** | **14,3<br>72<br>111<br><br>24,0<br>48,0<br>65,3** | **23,9<br>95<br>703<br><br>33,1<br>39,6<br>81,7** | **10,2<br>182,1<br>1565<br><br>20,6<br>27,2<br>58,4** | **9,4<br>199,0<br>1965<br><br>28,3<br>27,6<br>76,8** | **11,2<br>210,0<br>1963<br><br>14,0<br>48,8<br>92,2** | **12,8<br>229,5<br>2443<br><br>19,4<br>51,2<br>96,1** | **32,8<br>237,0<br>2597<br><br>23,7<br>54,4<br>98,7** | **3,4е<br>3,3е<br>2,5е<br><br>137,8<br>133,3<br>2,9е** | **3е<br>112,8<br>132,3<br>169,3<br>111,5<br>107,0** |
| 4 | **Гөш жети/ў тири салмақта** | **тонна** | **1687** | **2281** | **2282** | **2978** | **3054** | **3332** | **3805** | **3860** | **2,3е** | **115,8** |
| 5 | **Сут өнимлерин жетистириў** | **тонна** | **2968** | **3541** | **3559** | **4137** | **4222** | **4731** | **6451** | **6960** | **2,3е** | **147,1** |
| 6 | **Майек же/ў** | **мың д.** | **51** | **75** | **92** | **120** | **131** | **182** | **192** | **282** | **5,5е** | **154,9** |
| 7 | **Жун** | **тонна** | **37,0** | **59,8** | **60,5** | **107,4** | **121,4** | **127,6** | **129,3** | **134,7** | **3,6е** | **105,6** |
| 8 | **Каракол териси** | **мың дана** | **9,1** | **4,9** | **4,4** | **5,8** | **7,1** | **6,8** | **8,2** | **10,6** | **116,5** | **155,9** |

Ko`rsetilgen jıllar ishinde xalıqqa sawda jag`ınan xızmet ko`rsetiwdin` sapasın jaqsılaw ushın sawda satıq setlerin ko`beytiw ha`m onda xızmet orınlarının` maydanın ko`beytiw ma`selelerine de ayrıqsha dıqqat awdarıldı. Na`tiyjede sawda satıq xızmet orınları 2000-jıllardag`ı 1190 kv metrden 2012-jıllarg`a kelip 686 mın` kv metrge ko`beydi. Bul rayon aymag`ında xalıqqa usaqlap ko`rsetiletug`ın sawda satıq operatsiyasının` ko`lemin arttırıwg`a, sonday-aq sapalı xızmet ko`rsetiw jumısların jaqsılawg`a jol ashtı. Bul ila`jlar, birinshiden rayon xalqının` za`ru`r tutınıw tovarlarına degen talabın qanaatlandırıwg`a sha`rayat du`zse, ekinshiden rayon xalqının` jan basına tuwra keletug`ın o`nimlerdin` ko`beyiwine mu`mkinshilik berdi. Na`tiyjede 2005-jıllarda rayon xalqının` jan basına 235 kg un, 62,2 kg gu`rish, 11,4 litr o`simlik mayı, 507 kg go`sh o`nimleri, 131,7 kg palız

ha`m baxsha o`nimleri, 7,6 kg miywe, 15,6 kg kartoshka, 0,3 kg sarı may, 4 dana mayek, 141, 5 kg su`t ha`m su`t o`nimleri tayarlansa, bul ko`rsetkish 2011-jıldın` 1-yanvarına kele un tayarlawdın` ko`lemi 191,6 kg, gu`rish 109,7 kg.dı, o`simlik mayı 6,8 litrdi, go`sh o`nimleri 47,7 kg.dı, palız ha`m ovosh o`nimleri 120 kg.dı, miywe ha`m ju`zim 8,5 kg.dı, kartoshka 34,9 kg.dı, sarı may 2,4 kg.dı, ma`yek 4,3 dananı, al su`t ha`m su`t o`nimleri 157,7 litrdi quradı. Solay etip, az ko`lemde bolsada ayırım awıl-xojalıq o`nimlerin jetistiriw o`tken 2005-jılg`a salıstırg`anda bir qansha ko`beydi.

Rayon aymag`ında *sotsiallıq tarawlarda* da ko`lemli jumıslar iske asırılmaqta. Bug`an den-sawlıqtı saqlaw tarawlarındag`ı iske asırılıp atırg`an jumıslar mısal bola aladı. Bul taraw rayon aymag`ında rawajlang`an tarmaqlar qatarına kiredi ha`m onın` quramına den-sawlıqtı saqlaw profilaktoriyaları, dem alıw orınları, dene ta`rbiyası sferaları, bolnitsalar, medpunktler, rekreatsion jayları ha`m t.b. kiredi. Den-sawlıqtı saqlaw rayon aymag'ında o`tken a`sirdin` 70-jıllarınan baslap-aq rawajlana basladı ha`m xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın tarawlardın` quramında jetekshi orınlardı iyeleydi.

Adamlar ja`miyettin` jetekshi o`ndiriwshisi bolg`anlıqtan, onın` sawlıg`ın saqlaw ku`ndelikli ila`jlar qatarına kiredi. Usıg`an sa`ykes rayon aymag`ında fizikalıq jaqtan rawajlang`an, sap deneli salamat ha`m jetilisken ku`shke iye adamdı ta`rbiyalaw ma`mleketlik masshtabtag`ı g`amxorlıqqa aylanbaqta. Usıg`an sa`ykes rayon aymag`ında den-sawlıqtı saqlaw resurslarınan na`tiyjeli paydalanıw ha`m usı arqalı miynettin` o`nimdarlıg`ına erisiw-ja`miyettin` agroekonomikalıq rawajlanıwına erisiwge ha`m eldin` ekonomikalıq potentsialının` joqarılawına da jedel ta`sir etedi dep ayrıqsha itibarg`a alınbaqta.

Xalıqtın` den-sawlıg`ın ta`miyinlew adamlardın` jas o`zgesheliklerinin` qa`liplesiwine ha`m ha`r qanday keselliktin` aldın alıwg`a, sonday-aq miynettin` o`nimdarlıg`ın ku`sheytiwge ta`sir etedi. Sebebi, adam ha`m ta`biyat bir tutas sistemanı qurap, onın` den-sawlıg`ın ta`miyinlew ekologiyalıq ta`rbiyanı ken`eytiw

ha`m  sotsiallıq infrastrukturalardı rawajlandırıw jolı menen iske asırılıwı sha`rt. Mine usıg`an sa`ykes Taxtako`pir rayonı aymag`ında den-sawlıqtı saqlaw tarawların rawajlandırıwg`a jıl sayın u`lken ko`lemdegi qarjılar bo`linbekte ha`m bul tarawda inabatlı jumıslar islenbekte.

Ha`zir rayon aymag`ında qa`nigelesken 2 rayonlıq keselxana, 9 awıllıq dawalaw punktleri, 13 orında feldsher-akusherlik punktleri jumıs islep, olarda 319 shipaker qa`nigeler jumıs isleydi. Al orta buwındag`ı meditsina xızmetkerlerinin` sanı 459 adamg`a ko`beydi.

Rayonnın` awıllıq jerlerinde qa`nigelesken awıl keselxanaları, hayal ha`m balalar ma`sla`ha`txanaları jumıs isleydi. Olar xalıq arasında tarqalg`an juqpalı keselliklerdin` aldın alıw ma`seleleri menen shug`ıllanbaqta ha`m xalıqtın` den-sawlıg`ın saqlawda sheshiwshi rol atqarmaqta.

Rayon aymag`ında bilimlendiriw tarawların rawajlandırıw boyınsha ko`lemli jumıslar islenip atır. Bul taraw atqaratug`ın funktsiyası boyınsha xalıqtı bilimlendiriwge tartıp, eldin` sotsiallıq jaqtan rawajlanıwına sheshiwshi u`les qosıwı tiyis. Mine usı ta`repten bilimlendiriw tarawları jumıs alıp baradı ha`m rayon aymag’ında jas awladtı tayarlawda, ta`lim-ta`rbiya beriwde, sonday-aq bilim tarawların joqarı sheklerge ko`teriwde sheshiwshi rol atqarıwı tiyis. 2010 -jıldın` mag`lıwmatı boyınsha rayon boyınsha xalıqqa bilim beretug`ın tarawında xızmet ko`rsetetug`ın 8 ulıwma orta bilim beretug`ın mektep jumıs islep, olarda oqıytug`ın jaslardın` sanı 11379 adamdı quraydı. Usının` 59,4%-i ulıwma bilim beretug`ın orta mekteplerge tuwra keledi.

Bunnan basqa rayon aymag`ında 4-orında mektepten tısqarı sho`lkemler, 1 arnawlı bilim jurtı jumıs isleydi ha`m olarda 528 jaslar oqıp bilim aladı. Rayon boyınsha 2012-jıldın` juwmag`ı boyınsha 15 mektepke shekemgi ta`rbiya beriw orınları jumıs islep, olarda 1418 adam ta`rbiya aladı. Solay etip, rayon aymag`ında ulıwma orta bilim, sonday-aq arnawlı orta oqıw jurtlarında ta`lim-ta`rbiya jumısları menen 1357-g`a jaqın zaman talaplarına sa`ykes bilim beretug`ın oqıtıwshılar

jemisli jumıs islep atır ha`m olar Qaraqalpaqstan respublikası Taxtako`pir rayonının` bilimlendiriw tarawlarının` haqıyqıy qa`nigeleri esaplanadı.

Qaraqalpaqstan Respubllikası O`zbekstan quramında g`a`rezsizlikke eriskennen keyingi jıllarda xalıqqa turmıslıq jaqtan xızmet ko`rsetiwdin` masshtabın ken`eytiw ha`m xalıqqa sapalı xızmet ko`rsetiw ma`seleleri ku`n ta`rtibine qoyılmaqta. Usı maqsette Taxtako`pir rayonı aymag`ında ma`deniyat tarawlarına tiyisli mekemelerdi qurıw, fizikalıq dene ta`rbiyası tarawların rawajlandırıw, sotsial ta`miyinlew tarawlarının` jumısların janlandırıw ha`m onın` na`tiyjeliligin arttırıw boyınshada ko`lemli jumıslar iske asırılmaqta. Usı maqsette rayon boyınsha urıs qatnasıwshıları ha`m miynet napaqasın alıwg`a tiyisli 4741 adam dizimge alıng`an ha`m olardı ay sayın pensiya menen ta`miyinlew jolg`a qoyılg`an. Bul ha`m basqada ila`jlar rayon aymag`ında jasawshı ha`r bir puxaranın` ay sayın alatug`ın da`ramatın 316,9 mın` swumnan 418,6 mın`g`a ko`beytiuge mu`mkinshilik berdi.

Rayon aymag`ında xalıqqa ma`deniy ha`m ko`rkem-o`ner tarawları boyınsha xızmet ko`rsetiwdin` da`rejesi jaqsılanbaqta. Xalıqtı ruwxıy jaqtan ta`rbiyalawda ha`m rawajlandırıwda bul tarawlar jedelli jumıs isley basladı. Ha`zir usı maqsetler ushın rayon aymag`ınan 14 orında kitapxanalar jumıs isleydi ha`m olardın` kitap fondı 112,6 mın` danag`a jetti.

Rayon aymag`ında xalıqqa tamasha ko`rsetetug`ın ha`m ma`deniy dem alıw ushın 6 klub mekemeleri, ja`ne 52 orında krujoklar jumıs isleydi. Olarda turaqlı tu`rde qatnasatug`ın 654 adam esapqa alıng`an.

Rayon boyınsha sport tarawların rawajlandırıwg`a da ayrıqsha itibar berilmekte. Ha`zir 14 orında sport zallar, 28 baskedbol, 48 valeybol maydanshaları, sonday-aq 35 orında u`lken ha`m kishi futbol ja`ne 18 qol tobı maydanshaları jumıs isleydi. Bul ha`m basqada sport tarawların rawajlandırıw boyınsha iske asırılıp atırg`an jumıslar rayon ko`leminde sport penen shug`ıllanıwshı jaslardın` sanının` ko`beyiwine jol ashpaqta. Ha`zir Taxtako`pir rayonı aymag'ında dene

ta`rbiyası menen shug`ıllanatug`ın 10700 turaqlı sportsmenlerdin` sanı o`sip jetisti. Olardın` qatarınan 5161 adam turaqlı ra`wishte sport sektsiyalarına qatnasadı ha`m

olardın` 648 adamı ha`r qıylı razryadlarg`a iye.

Solay etip, rayon aymag`ında xalıqqa turmıslıq jaqtan xızmet ko`rsetetug`ın tarawlardı rawajlandırıwg`a ayrıqsha itibar beriw xalıqtın` ruwxıy ha`m ma`deniy jaqtan rawajlanıwına ku`shli ta`sir etiw menen birge, perspektivalı qolg`a alıng`an wazıypalardı tıyanaqlı orınlawg`a ta`sir etpekte. Bug`an mısal retinde ha`zirgi ku`nlerde rayon aymag`ında sotsial-ekonomikalıq tarawlardı rawajlandırıw

boyınsha qolg`a kirgizilgen ayırım tabıslar ha`m alg`a ilgerlewlerdi atawg`a boladı.

Ha`zir Taxtako`pir rayonı Qaraqalpaqstan respublikasının` arqa rayonlar toparında diyxanshılıqqa qanigelesken iri aymaqlarınan esaplanadı. Rayonda xalıq xojalıg`ı tarawlarında, sonday-aq sotsiallıq infradu`zilmelerdin` sanı da ko`beymekte ha`m xalıqtın` jasaw sha`rayatı jaqsılanbaqta. Bul ha`m tag`ı basqada tabıslardı rayon xalqı ga`rezsizliktin` ullı sharapatı dep ta`n almaqta.

Aldag`ı perspektivada rayon aymag`ında xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın tarawlardı rawajlandırıwg`a ayrıqsha itibar berildi. Usı maqsette ha`zirdin` o`zinde-aq ko`lemli jumıslar iske asırılmaqta ha`m t.b.

## IV-BAB. TAXTAKO’PIR RAYONINDA TRANSPORT-EKONOMIKALIQ BAYLANISLARDI RAWAJLANDIRIWD JETILISTIRIW

Transport xalıq xojalıg`ının` en` a`hmiyetli tarawlarınan esaplanadı. Transport materiallıq baylıqlardı ha`reketke keltiriwshi qural bolıp, ekonomikalıq ma`deniyattın` o`siwi, ju`k aylanısı sho`lkeminin` artıwına onın` materiallıq texnikalıq bazalarının` o`siwine alıp keledi. Rayonda 2 avtoka`rxana bolıp onda 101 adam islemekte. Rayon boyınsha 28 avtobus, 58 ju`k mashinalar bar. Rayonda avtomobil transportı jaqsı rawajlang`an. Ol rayonnın` tarawı bolıp bul arqalı ju`k ha`m jolawshı tasıw boyınsha rayon Qaraqalpaqstan Respublikasında aldıng`ı

orınlardın` birinde turadı. Rayon orayı bolg`an Taxtako`pir posyolkası paytaxtımız No`kis qalası menen to`selgen jol arqalı baylanısqan. Bul jollardın` uzınlıg`ı 109 km ten`. Taxtako`pir-No`kis jolı Qarao`zek rayonının` Qaraqo`l xojalıg`ı u`stinen tuwrılap kelgen jol arqalı 90 km aralıqqa ten` boladı. Taxtako`pir-Qarao`zek, Taxtako`pir-Shımbay jolları arqalı jolawshılar tasılıwı menen birge Taxtako`pir-Shımbay jol arqalı ju`klerde tasıladı. Sebebi Taxtako`pirge arnalg`an ju`kler temir jol arqalı Shımbayg`a jetkeriledi. Bul Taxtako`pir ushın ju`da` paydalı. Al rayonlıq a`hmiyetke iye bolg`an jollar 91 km ten` bolıp bul jollar Taxtako`pir posyolkası barlıq awıllıq orınlar menen tutas turadı. Taxtako`pir posyolkası ha`m awıllıq orınlar arasında to`mendegi marshrutlar boyınsha ha`r ku`ni avtobuslar qatnaydı. Bular Taxtako`pir-Dawqara (uzınlıg`ı 18 km ge ten`) Taxtako`pir-Bo`rshitaw (32,8 km) Taxtako`pir-Maqpalko`l (18,5 km) Taxtako`pir-Mu`lk (16,1km) Taxtako`pir-Qon`ıratko`l (27,1 km) Taxtako`pir-Marjanko`l (27,6 km) Taxtako`pir-Jan`ada`r`ya (18,8 km) Taxtako`pir-O`zbekstan (8 km), Taxtako`pir-Taxtako`pir awılı (6,2 km) aralıg`ı marshrutları bolıp, olar arqalı xalıq xojalıq ju'kleri ha`m jolawshılar tasıw jumısları iske asırıladı.

Taxtako`pir rayonı boyınsha jıl sayın transport tarawları arqalı tasılatug`ın ju`klerdin` ko`lemi jılına 510 mın` tonna al ju'k aylanısı 19 mln. 869 mın` t\km qurasa, al, jolawshılar tasıw 2 mln. 923 mın` jolawshını, jolawshı aylanısı 19 mln.674 mın` jolawshı\ km barabar.

Qabıl etilgen ju`klerdin` ishinde tiykarg`ı u`lesti otın-energetikalıq resurslar, o`ndiris u`skeneleri, biyday ha`m ag`ash materialları, awıl xojalıg`ı tarawları ushın mashinalar ha`m mineral to`ginleri iyeleydi. Al, rayonnan jo`neltiletug`ın ju`klerdin` basımıraq bo`limin paxta talshıg`ı, salı, mal-sharwashılıg`ı ha`m t.b. o`nimler tutadı.

Aldag`ı waqıtlarda rayon aymag`ında o`ndiriwshi ku'shlerdi rawajlandırıwdı jedellestiriw jobalarına sa`ykes. ju`k ju`klew ha`m tu`siriw mexanizmlerdin` ja`rdeminde a`melge asırılatug`ın boladı. Usıg`an sa`ykes rayon aymag`ında

transport tarawların rawajlandırıw ha`m rayon aralıq ko`lemde onın` ekonomikalıq baylanısların ratsionalizatsiyalaw en` a`hmiyetli problemalardın` biri bolıp esaplanadı.

Ha`zirgi waqıtta rayonnın` masshtabındag`ı rayon aralıq, ju`k aynalısında tiykarg`ı roldi abtomobil transportı iyeleydi ha`m jıl sayın 19,8 mln tonna km ju’k aylanısı ha`m 2,9 mln jolawshı\ km. Jolawshı aylanısı iske asırıladı..

Keyingi jıllarda rayonda ju`k qabıllaw ha`m jo`neltiw aytarlıqtay tez pa`t penen o`spekte.. Keleshekte Tashkent – Nawayı – U`shqudıq – Miskin – No`kis – Qon`ırat – Beynew -Makat-Aleksandrov-Gay bag`darındag`ı jolg`a shıg`ıw ushın Taxtako`pir - Shımbay jo`nelisindegi temir jol quradı ha`m Tomarastaw arqalı Qazalı (Kaaqstan) jo’nelisndegi temir jol qurılısı iske asırılıp Qaraqalpaqstan Rossiya Federatsiyasının` Ural ha`m Volga boyı regionları menen tikkeley transport –ekonomikalıq baylanısqa iye boladı.

Qaraqalpaqstanda temir jol transportı aldag`ı perspektivada aytarlıqtay tabıslarg`a erisiwi kerek. Bul qa – batıs O`zbekstanda Qızıl qumnın` perspektivalı ta`biyiy jer astı baylıqların sanaat tarawlarına paydalanıwdı jedellestirse, al mal sharwashılıg`ı maqsetinde Qızılqum jaylawların o`zlestiriw mashqalalarıda iske asırıladı. 1996-2008 jıllar arasında No`kis-Sultanwa`yis temir jol liniyasının` qurılısı tamamlanadı ha`m onın` ayrım ushastkaları qayta rekonstruktsiyalandı. Bul respublikanın` arqa batıs rayonlarının` o`ndiriwshi ku`shlerinin` joqarı pa`t penen rawajlanıwına, a`sirese Jan`adar`ya massivin o`zlestiriw ushın real mu’mkinshilikler du’ziledi. Aldag`ı perspektivada temir jol transportının` jumıslarında joqarı ko`rsetkishlerge erisiw baslanadı, bul xalıq xojalıg`ı tarawların moderizatsiyalawg`a ken’nen jol ashadı ha`m de rayonlar aralıq ekonomikalıq baylanıslardı barınsha jetilistiriwge imkaniyat jaratadı degen u`mittemiz.

Qaraqalpaqstan, sonday-aq Taqtako`pir rayonı masshtabında transport-ekonomikalıq baylanıslardı ratsionalizatsiyalawda en` a`hmiyetli ma`selelerdin` biri aylanıs jollar arqalı tasılatug`ın xalıq xojalıq ju`klerin maksimal da`rejede

qısqartıwdan ibarat. Usıg`an baylanıslı keleshekte Qaraqalpaqstannın` qon`sı respublikalar menen baylanısı Tu`slik Qızılqum arqalı Rossiya federatsiyasına, sonday-aq, Tu`rkmenstan arqalı Qubla regionlar menen transport-ekonomikalıq baylanıslardı ratsionalizatsiyalaw kerek. Bul o`z gezeginde Qon`ırat-Beynew temir jol liniyasınan o`nimli paydalanıwdı ha`m U`stirttin` ta`biyiy baylıqların xalıq xojalıg`ında paydalanıwdı a`dewir jedellestiretug`ın boladı. Solay etip, Qon`ırat-Beynew-Makat-Aleksandrov-Gay temir jol liniyasın rekonstruktsiyalaw ha`m Shımbay jo`nelisi arqalı Qaraqalpaqstannın` jol qatnas tarmaqların rawajlandırıw

ma`selesin ku'n ta`rtibindegi keshiktirilmeytug`ın mashqalalarg`a aylanıwı za`ru`r.

Jan`a bag`dardag`ı tarmaqların du'ziw ha`m rawajlandırıw ba`rinen de burın miynettin` o`nimdarlıg`ın arttırıwg`a, yag`nıy ju`k tasıwdın` o`zine tu`ser bahasın arzanlatıw jolı menen Qaraqalpaqstanda o`ndiriwshi ku'shlerdi jedelli rawajlandırıw programması dep esaplawımız qa`jet.

Esaplawlarg`a qarag`anda Qon`ırat-Beynew-Makat-Aleksandrov-Gay temir jolının` u`zliksiz jumıs islewi Rossiyanın` Evropalıq bo`limine tasılatug`ın xalıq xojalıq ju`klerin tasıwdın` aralıg`ın orta Aziya menen salıstırg`anda (O`zbekstang`a shekem 440 km.ge, al Tu`rkmenstang`a shekem 1068 km.ge) a`dewir qısqarttı. Al, Qaraqalpaqstannın` Tu`slik Qızılqum zonası arqalı Qazaqstan ha`m Rossiya Federatsiyasının` Ural ekonomikalıq rayonlarına tikkeley transport baylanısları arqalı shıg`ıwı u`lkemizdin` industriallı bag`darda rawajlanıwına jol ashadı ha`m Qızılqumnın` ken` ko`lemindegi jaylawların, sonday-aq qazılmalı baylıqların xalıq xojalıg`ına o`zlestiriwge mumkinshilik tuwdıradı.

Ha`zir Qaraqalpaqstanda temir jol transportı ko`pshilik jag`dayda No`kis-To`rtku`l, No`kis-Shımbay ha`m No`kis-Qon`ırat aralıg`ın g`ana qamtıydı, al respublikanın` arqa – batıs regionları, a`sirese No`kis-Taxtako`pir, No`kis-Kegeyli-Moynaq, No`kis-Shomanay aralıg`ı ha`tteki talapqa juwap beretug`ın avtomobil jolları menen de tolıq tutastırılmay atır. Usıg`an baylanıslı ko`pshilik

xalıq xojalıq ju`kleri Qaraqalpaqstannın` arqa zonasında jaylasqan rayonlarına o`z waqtında jetkerilip berilmeydi. Bunnan basqa ta`biyiy baylıqlardın` mol zapaslarına iye ma`selen, Sultanwa`yis, Qusxanataw,U’stirt, Araldın` suw astınan qurg`aqlıqqa aylang`an aymaqlarının` baylıqların sanaatta paydalanıw tek Qaraqalpaqstan ushın emes, al O`zbekstannın` Xorezm oblastı ha`m Tu`rkmenstannın` qon`sılas Tashawız oblastları ushın da ekonomikalıq jaqtan ko`p payda bergen bolar edi.

Sonlıqtan aldag`ı perspektivada joqarıda ko`rsetilgen bag`darlar boyınsha temir

jol ha`m avtomobil jolları liniyalarının` qurılısın tezletiw ha`m paydalanıwg`a beriw ju`da` a`hmiyetli. Bul jollardın` qurılıwı ha`m iske tu`siriliwi Qaraqalpaqstan Respublikasının` xalıq xojalıg`ın barınsha industrial bag`darda rawajlandırıwg`a ha`m O`zbekstan masshtabında arqa –batıs aymaqlardın` o`ndiris tarawların optimal da`rejede qa`niygelestiriwge mu`mkinshilik beredi. Ha`zir O`zbekstannın` barlıq ha`kimshilik rayonları rawajlang`an avtomobil transportı tarawlarına iye, lekin Qaraqalpaqstan territorallıq jaqtan parıq etip, onın` ishki rayon aralıq baylanısları elede bolsa ayrım rsyon ara baylanısta mashqalalardı sheshiwi tiyis. Ma’selen awıllıq jerlerde transport xojalıq ju’klerin qayta islep shıg`aratug`ın sanaat tarawlarına, awıl xojalıg`ında tayarlang`an o`nimlerdi sawda bo`limlerine, ba`rinen de burın tayar tutınıw tovarların qariydarlarg`a` jetkerip beriw funktsiyasın atqaratug`ın bolg`anlıqtan bul tarawdın` rawajlang`an tizimine iye bolıwımız sha’rt.

Solay etip, Qaraqalpaqstan Respublikasi sharayatında avtomobil xojalıqlarının` tarawların bekkemlew ha`m jeke xojalıqlardag’ı avtomashinalardan paydalanıwdın` o`nimdarlıg`ın arttırıw en` a`hmiyetli ilajlarının` birinen esaplanadı. Bul ushın avtomobil parklerinin` texnikalıq bazasın bekkemlew ha`m tasılatug`ın ju`klerdin` o`zine tu`ser bahasın arzanlatıwda jumıstı sho`lkemlestiriw printsiplerin jetilistiriw, soday-aq jen`il ha`m ju`k ko`teretug`ın mashinalardan paydalanıw koeffitsientin joqarılatıw u`lken a`hmiyetke iye. Sebebi avtomobil

transportı ju`k ha`m jolawshılar tasıwda aldag`ı waqıtlarda da o`zinin` tiyisli ornın iyeleydi. Bul ha`r qıylı menshiklik formadag`ı avtomobil transportınan o`nimdarlı paydalanıwdı ha`m ko`p shıg`ıng`a ushırap atırg`an jeke xojalıqlardag`ı avtokarxanalardı oraylastırıw ha`m olardın` jumıs ritimin rejelestiriwdi talap etedi h.t.b. Solay etip, Qaraqalpaqstannın` Taxtako`pir rayonında-da transport tarawların jedelli rawajlandırıwg`a itibar berilmekte Sonlıqtan keleshekte joqarıda ko`rsetilgen ayrım ma`selelerge o`z waqtında itibar beriw ha`m olardın` orınlanıwın ta`miyinlew

Qaraqalpaqstanda transporttı rawajlandırıwda en` a`hmiyetli waziypag`a aylanıwı kerek.

# JUWMAQLAW

Taxtako`pir rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasının` oraylıq ta`repinde jaylasqan tiykarg`ı awıl-xojalıg`ına qa`nigelesken rayonlardın` biri. Awıl-xojalıg`ının` tiykarg`ı qa`nigelesken tarawları g`a`lleshilik, a`sirese salıgershilik ha`m mal sharwashılıg`ı bolıp sanaladı.

Taxtako`pir rayonı Qaraqalpaqstannın` 0,6% territoriyasın, yaki 73,3 mın` ga. dı iyelep, sonnan eginge paydalanıp atırg`an jerleri 29,3 mın` gektarı paydalanıwg`a jaramlı. Jer rezervi ju`da` u`lken. Ha`zir paydalanılıp atırg`an jerlerinin` ishinde paxtashılıq ushın 5323 ga, g`a`lleshilik ushın 18626 ga, usınnan biyday ushın 2304 ga, ma`kke ushın 500 ga ajıratılg`an. Sonday-aq, 5182 egislik jer jon`ıshqalıq, 312 ga baqsha-palız eginlerine ajıratılg`an 2012-jılı rayon 6590 tonna paxta, 11918 tonna g`a`lle, 1202 tonna palız o`nimlerin jıynap aldı. Bunnan basqa jıl sayın 162 tonna kartoshka, 2365 tonna ju`zim, 2978 tonna go’sh tiriley salmaqta,30769 su’t,120 mın` dana ma’yek ha`m t.b. awıl-xojalıg`ı o`nimlerin jetkerdi. Go`sh, su`t jetkerip beriw joybarında orınlanıp atır. Rayon xalıqtı azıq-awqat o`nimleri menen tolıq ta`miyinlewge mu`mkinshilik beredi. Biraq bul mu`mkinshilikler elege deyin tolıq a`melge asırılmay atır. Sonlıqtan awıl-xojalıg`ında fermer, kesip alıp islew, kooperativ h.t.b. ha`reketlerdi ken` en jaydırıw lazım. Bul ushın rezervlerdi iske qosıw za`ru`r. Bul alg`a qoyılg`an

ma`selelerdi sheshiw ushın miynetti durıs sho`lkemlestirip, xalıqtın` ma`pdarlıg`ın arttırıw jolı menen, olardın` uqıplılıg`ın jetilistiriw, isbilermenlikke tolıq jol ashıw ma`selesin bu`gingi ku`nnin` bas wazıypası etip qoyıw kerek.

Rayon respublikadag`ı joqarı ta`biyiy o`simge iye aymaqlarının` biri

bolg`anlıqtan, xalıqtın` den-sawlıg`ın saqlaw, olardın` miynetke uqıbın qorg`aw ila`jları ku`nnen ku`nge joqarılamaqta ha`m ma`mleketlik siyasat tiykarında iske asırılmaqta.

Usıg`an sa`ykes o`ndiristi rawajlandırıw ushın en` da`slep joqarı

kvalifikatsiyalı kadrlar tayarlaw bas wazıypa etip qoyılıwı za`ru`r. Bul ma`sele jaslardı o`ner-ka`siptin` ha`r qıylı qa`nigelerge u`yretiw arqalı iske asırılatug`ın boladı.

Rayon aymag`ında barlıq miynet resursların durıs paydalanıw ushın o`ndiristin` miynetti ko`plep talap etetug`ın tarawların du`ziw arqalı iske asırıladı. Ol ushın jen`il ha`m azıq-awqat sanaatının` tsexların, ka`rxanaların sho`lkemlestiriw kerek. A`sirese, hayallardın` miynetin talap etetug`ın tarawlardı ko`plep rawajlandırıw lazım.

Xalıqtı vitaminli azıq-awqat o`nimleri menen ta`miyin etiw ushın baqsha-palız eginlerin, sonday-aq ju`zimgershilik, bag'shılıqtı barlıq xojalıqlarda, barlıq shan`araqlarda rawajlandırıw za`zu`r. Keleshekte xalqının` talabın qanaatlandırıw menen, bazardı da ta`miyin etiw ila`jların yadtan shıg`armaw za`ru`rligi payda bolıp otır.

Ulıwma alg`anda xalıqtın` abadanshılıg`ın jaqsılaw ushın xalıq xojalıg`ı tarawlarının` strukturasın jetilistiriw ha`m kompleks ila`jlardı a`melge asırıw ku`n ta`rtibinin` en` a`hmiyetli ma`selesi retinde qoyılıwı qa`jet. Sonlıqtan men dissertatsiya jumısımda usı ma`selelerdi sheshiwge ayrıqsha itibar berdim. Bul ushın rayon aymag`ında xalıqtın` o`siwi ha`m miynet resurslarınan xalıq xojalıg`ında aqılg`a muwapıq paydalanıw ma`selelerin rayonnın` ta`biyiy sha`rayatına say keletug`ın o`ndiris tarawların rawajlandırıw mashqalaların

izertledim. Bul menin` da`slepki qolg`a alg`an ilimiy-izertlew jumısımnın` aktuallılıg`ın ja`ne bir ma`rte da`lilleydi.

Juwmaqlap aytqanda, bul mag`lıwmatlardın` juwmag`ın o`zim isleytug`ın mektep sha`rayatında geografiya do`gereginde jaslar arasında talqılayman ha`m bayanlamalar du`ziw ushın paydalanaman.

## PAYDALANILG`AN A`DEBİYATLAR


1. Karimov İ.A. Uzbekistan po puti uglubleniya ekonomicheskix reform. Tashkent, 1995
2. Akramov Z.M. Geografiya sel`skogo xozyaystva Samarqandskoy i Buxarskoy oblastey Uzbekistana. Tashkent, 1961
3. Allanazarov K. Otsenka prirodnıx usloviy i resursov neoroshaemoy chasti del`tı Amudar`i dlya razvitiya sel`skogo xozyaystva. Avtoreferat kand. dissertatsii. Tashkent, 2002
4. Babushkin L.A. Osobennosti klimata Nizov`ev Amudar`i, materialı SOPS AN Ruz. Tashkent, 1959
5. Baxobov X. va boshq. Amudaryoning hozirgi del`tasida er resurslaridan foydalanishning geografik asoslari. UGJ, Axboroti, №31, Tashkent, 12-15 b.
6. Geograficheskie aspektı intensifikatsii ekologii UFA. 1987
7. Granitov İ.İ. Qaraqalpaqstan respublikasının` jaylaw fondı ha`m onı o`zlestiriw jolları. O`zbekstan pa`nler akademiyası SOPS materialları. Qaraqalpaqstan respublikası, Tashkent, 1950
8. Djamankaraev S. Uluchshenie ekspluatatsii orositel`nıx sistem respubliki Qaraqalpastan. İzd-vo «Qaraqalpastan», 1993
9. Jollıbaev B. İzmenenie pochvennogo poprava Priaral`skoy chasti Amudar`i v protsesse aridizatsii. Jurnal «Vestnik», №2, 1983

10. Dauletova Q., Umarov E.K. Qaraqalpaqstan respublikasının` ta`biyatı ha`m xojalıg`ı. No`kis, «Qaraqalpaqstan» baspası, 1989
11. Zemel`nıy fond respubliki Qaraqalpastan. Glavnoe Upravlenie zemleustroistva, Tashkent, 1989
12. Kamalov T., Umarov E.K. Nekotorıe problemı razvitiya transporta Respubliki Qaraqalpastan. Nukus, 1970
13. Qaraqalpaqstan respublikası Statistika basqarmasının` otchetı, 1970-2000-2008 jj.
14. Kimberg N.V. Pochv pokrov respubliki Qaraqalpastan. Materialı SOPS AN RUz, Tashkent, 1959
15. Kryuchkov V.G. Geografiya sel`skogo xozyaystva. Metodı ekonomiko-geograficheskogo issledovanie, izd-vo MGU, Moskva, 1977
16. Qurbanbaev E. Zasoleniya oroshaemıx zemel` i mero ego preduprejdenie. İzd-vo «Qaraqalpastan», Nukus, 1973
17. Matmuratov J., Yuldashev J. Qaraqalpaqstan respublikasının` suw ha`m mineral baylıqları. İzd-vo «Qaraqalpaqstan», No`kis, 1973.
18. Reymov P. Nekotorıe voprosı izucheniya deflyatsionnıx protsessov i perenosa peskov osushennogo dna Aral`skogo morya. İzd-vo Uzbekistana, tom 31, str.29-33
19. Tajimov T. Razvitie i razmeshenie sel`skogo xozyaystva respubliki Qaraqalpastan. Tashkent, 1960. Trudı SAGU, №157
20. Qanlıko`l rayonı ha`kimiyatına qaraslı statistika bo`limi esabatları (1990, 1995, 2000, 2005, 2008). Qanlıko`l, 2008
21. Umarov E.K. Qaraqalpaqstanda xalıqqa xızmet ko`rsetetug`ın sferalardın` rawajlanıwı. No`kis, Qaraqalpaqstan geografiyası, 2005-j., (97-106 betler).
22. Kryuchkov V.G. Geografiya sel`skogo xozyaystva.. M., MGU, 1976
23. Narodnoe xozyaystvo Uzbekistana za 70 let Sovetskoy vlasti. Tashkent, Uzbekistan, 1987

24 Otchetı Goskomstata Respubliki Qaraqalpastan za 1965-2000 gg. i arxivnıe materialı Soveta Ministrov Respubliki Qaraqalpastan (1913-2000 gg.)

25. Spravochnik normativov dlya perspektivnogo planirovaniya po sel`skomu xozyaystvu. Tashkent, 1961

26. Ekonomicheskaya effektivnost` kap.vlojenii s uchetom denejnoy otsenki zemel`. Kishinev, 1967

27. Narodnoe xozyaystvo respubliki Uzbekistan v 1990 godu (Statisticheskiy sbornik). Tashkent, «Uzbekistan», 1991

28. Godovıe otchetı Goskomstata RK za ryada let (1995-2000 gg.).

29. İtogi sotsial`no-ekonomicheskogo razbitiya Taxtakupirskogo Respubliki Qaraqalpastan (yanvar`-dekabr`, 2000-2010 iza 2012g.g.). Nukus 2011 i 2012g.g.

Internet materialları

http://www.google.co.uz

http://ziyonet.uz/uzc/library/

http://dilib.uz

http://natlib.uz